

Mugiyana, B.A.  
Siswadi, B.A.  
K.Hisyam Budya Mardawa, B.A.

# MARDI BASA LAN SASTRA



JILID

2

kanggo SMP



Penerbit & Toko Buku

**"TIGA SERANGKAI"**

Jl. Dr. Supomo (Jl. H. Wuruk) 11B Telp. 4344 – 4778 Solo



~~110~~  
Husan

12/16 '86

MARDI BASA LAN SASTRA JAWI

Cetakan ke-1 : Desember 1977  
Cetakan ke-2 : Oktober 1978  
Cetakan ke-3 : September 1979  
Cetakan ke-4 : Desember 1980  
Cetakan ke-5 : Agustus 1981  
Cetakan ke-6 : Januari 1982  
Cetakan ke-7 : Agustus 1983  
Cetakan ke-8 : Januari 1984  
Cetakan ke-9 : Juli 1984

Mugiyana, B.A.  
K. Hisyam Budya Mardawa, B.A.  
Siswadi, B.A.

# MARDI BASA LAN SASTRA JAWI

(Mbs)

# 2

kangge  
ing S M P klas II


Cetakan ke-9  
1984



Penerbit & Toko Buku

**"TIGA SERANGKAI"**

Jl. Dr. Supomo (Jl. H. Wuruk) 11B Telp. 4344 – 4778 Solo



## B E B U K A

Alhamdulillah "Loka Karya Guru Bahasa Daerah SMP - SMA Negeri Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah tanggal 7 s/d 10 Juli 1977 di Tawangmangu" sampun kasil ndhapuk GBPP Basa Jawi kangge ing SMP lan SMA.

Wontenipun GBPP kasebut, mila lajeng kraos betahipun buku wulangan ingkang laras kaliyan GBPP wau. Awit saking punika kula sakanca ingkang kala semanten tumut cawe-cawe ndhapuk GBPP, rumaos kajibah ndhapuk buku wulanganipun.

Kanthi suka sukur ing ngarsanipun Gusti Inggang Mahamirah, kula sakanca sampun rampung ndhapuk buku :

- a. Mardi Basa lan Sastra Jawi 1
- b. Mardi Basa lan Sastra Jawi 2,

ing pangajab kenginga kangge cepengan lare-lare ing SMP klas I lan II.

Kula sakanca pitados, bilih buku punika taksih kathah kirang lan cewetipun. Pramila panyaruwenipun para kadang sutresna basa lan sastra Jawi kula tampi kanthi bingahing manah lan matur gunging panuwun.

Ing wasana kula sakanca ngaturaken gunging panuwun datheng penjenenganipun :

- a. Bapak Drs. Sudarsono, Ka Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah,
- b. Bapak Sumanto, B. A., Pengawas Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah ( Ketua Panitia Penyelenggara Loka Karya ).

inggang sampun kepareng paring pitedah lan pangestu tumrap karampunganing damel punika.

Semarang, 28 Oktober 1977

Para pendhapuk



DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
KANTOR WILAYAH PROPINSI JAWA TENGAH

Jl. Pemuda No. 134 Semarang

Telpon Ka Kanwil : 285302, Umum : 285301 Telex : 22262 PK WIL SM.

KATA PENGANTAR

Rapat Kerja/Loka Karya Guru-guru Bahasa Daerah SMP — SMA se-Jawa Tengah di Tawangmangu tanggal 7 — 10 Juli 1977 telah berhasil menyusun GBPP Bahasa Daerah. Rapat Kerja/Loka Karya tersebut dilanjutkan di Salatiga pada tanggal 1 — 3 Juli 1980, dengan tujuan menyempurnakan GBPP Bahasa Daerah hasil Rapat Kerja/Loka Karya Tawangmangu.

Sebagai realisasi harapan yang tertuang di dalam Kata Pengantar dalam rangka menyambut kelahiran GBPP Bahasa Daerah tersebut, maka terbitnya buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" untuk siswa SMP kelas I, II, dan III ini pantas disambut dengan gembira.


Terbitnya buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" hasil karya Sdr. Mugiyono, B.A. dkk. (tim yang menangani GBPP Bahasa Daerah itu sendiri) merupakan pelaksanaan operasional GBPP Bahasa Daerah, dan sebagai salah satu sarana guna mewujudkan harapan yang terkandung di dalam Kata Pengantar kelahiran GBPP Bahasa Daerah di atas.

Atas dasar uraian di atas, maka buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" ditetapkan sebagai buku pelajaran wajib pegangan siswa SMP di seluruh Jawa Tengah.

Semoga harapan di atas dapat terwujud, demi pembinaan dan pengembangan Bahasa dan Kebudayaan Nasional pada umumnya, serta perwujudan identitas Jawa Tengah pada khususnya.

Semarang, 6 Juni 1984  
Kepala Kantor Wilayah,



  
DRS. SOEJATTA  
NIP 130430070

# Daftar Isi

Bebuka . . . . .	5
Wulangan I . . . . .	9
Wulangan II . . . . .	17
Wulangan III . . . . .	25
Wulangan IV . . . . .	33
Wulangan V . . . . .	41
Wulangan VI . . . . .	49
Wulangan VII . . . . .	57
Wulangan VIII . . . . .	65
Wulangan IX . . . . .	73
Wulangan X . . . . .	83

\*\*\*



## WULANGAN I

### I. A. Pacelathon

Tindakna I

#### Mungguh Klas Loro

- Purwadi : "Kados pundi, Pak, rapot kula?"  
Bapak : "Lha kae, diasta ibumu."  
Ibu : "Gilo, Pur, rapotmu. Renea!"  
Purwadi : "Pundi, Bu? Pundi, Bu? Pundi, pundi?"  
Ibu : "E, thik ngoyok bae hara ta. Ibu nganti arep gledhak. Ya rosa kowe no karo Ibu. Rak ya sing sareh."  
Bapak : "Selak apa ta, Pur, ngesuk Ibu kok kaya karo kancane. Karo pak guru ya ngono kuwi kowe?"  
Purwadi : "Kesupen, Bu, tiyang kesesa selak sumerep ngantos nilar subasita. Nyuwun ngapunte, Bu. Rak pareng ta, Bu?"  
Ibu : "Nek pareng ki ya pareng, ning mengko yen kepatuh rak ora prayoga. Dieling-eling lho ya, cah bagus, mengko karo sapa-sapa ngono."  
Bapak : "Aja nganti ya, le, karo sapa-sapa aja ngono. Wong tuwa barang mengko mundhak kecangking-cangking."  
Purwadi : "Saestu, Bu, saestu boten nate. Tiyang wonten nggriya punika kemawon sampuna kesupen, boten badhe kula wantun srogal-srogol mekaten."  
Ibu : "Ya kuwi, Le, sing dakidham-idhamake, kowe dadia wong sing utama, pinter, prigel, mursid. Enya, iki rapote. Bapak Ibu marem priksa wohing pasinaonmu."  
Purwadi : "Sampun kepareng saestu, Bu, mangke Ibu gek dereng marem."  
Ibu : "Hara ta kok ndadak umpakan, ethok-ethok

emoh. Bocah ki nek bagus ya ndadak mbebeda  
ibune barang. Wis, enya, kowe munggah, Lik, lan  
..... klebu juwara."

Purwadi : "Adhuh, matur nuwun, Gusti. Matur nuwun, Bu,  
matur nuwun, Pak. Kula kok saged juwara, bo-  
ten nginten saestu, Pak. Babar pisan boten ngim-  
pi, Bu, saestu."

Bapak : "Ya kaya ngono kuwi, Lik, kanugrahaning Gusti  
kang ora kanyana-nyana. Mula awake dhewe  
iki kudu ora kendhat-kendhat anggone sumung-  
kem lan syukur marang Allah."

Ibu : "Heeh, bener ngendikane Bapak kuwi, Pur."

Purwadi : "Kasinggihan sanget, Pak, tansah kula estok-  
aken."

B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung kang dhoyong cap-capane  
kedalna kang trep !

1. a. Bocah kesed mesthi *bodho*.  
b. Mangsa *bodhoa* kowe, wong wis gedhe tuwa rak bisa mi-  
kir.
2. a. Suk emben dak *kandha*.  
b. Iya, *kandhaa* tenan, ya !
3. a. Aku melu urun *sithik* bae.  
b. Iya, ning *sithike* Rp 50,00.
4. a. Kacang *godhog* aku seneng.  
b. Sing tumumpang ana kompor kae *godhogan* apa ?
5. a. Pager *tembok* iku katon resik.  
b. *Temboke* kudu kerep dilabur.
6. a. *Montore* daksewa Rp 5.000,00 oleh ?  
b. Arep tindak ngendi ta kok *montoran* barang ?

II. Maca titi

A. Wacanen batin !

Minggah Klas Kalih

Purwadi punika lare lugu lan prasaja. Dhateng kanca grapyak

semanak, dhateng pasinaon majeng, maos punika kemawon remen. Bapak ibunipun boten nate klepyan anggenipun migatosaken pasinaoning anak. Punapa ingkang dipun suwun, uger punika kangge ubarampening pasinaon, dipun turuti. Najan makaten Purwadi boten ugungan. Nyatanipun, menawi nyenyuwun boten nate mastani kedah ingkang sarwa sae lan awis. Wosipun, jer kenging kangge nyekapi kabetahan, sampun trimah. Kosok wangsulipun, sanajan awis reginipun menawi perlu, tiyang sepuhipun ugi boten ngengel-engel.

Purwadi anggenipun ngudi dhateng pasinaon saestu lan tumemen. Dolan ingkang sipatipun ubyang-ubyung boten nate. Tiyang sepuhipun ngawisi saestu. Kesahipun namung menawi perlu kemawon. Upaminipun sinau sesarengan, latihan olah raga, latihan Pramuka, darmawisata lan sanes-sanesipun.

Mekaten kemawon boten nate ngglenes, kesah tanpa pamit. Menawi badhe kesah mangka tiyang sepuhipun pinuju boten wonten, temtu meling dhateng adhinipun.

Boten nggumunaken, wohing pasinaonipun Purwadi sae. Dhasar larenipun sregep, tekadipun kenceng, tur tiyang sepuhipun migatosaken dhateng panggula wenthahipun putranipun.

Kala rapotan inggah-inggahan punika Purwadi tampi kanugrahaning Pangeran, saged minggah klas kalih, malah kapilih dados juwara.

Sepinten bingahing manahipun Purwadi saha tiyang sepuhipun, boten saged kagambaraken.

Boten kasupen tiyang sakulawarga sakala ngaturaken panuwun dhateng Gusti Inggah Maha Asih, saha boten kendhat anggenipun sumungkem ing Gusti Inggah Murbeng Dumadi.

### *B. Wangsulana kang patitis !*

1. Purwadi munggah klas pira ?
2. Kepriye rapote ?
3. Apa Purwadi seneng ubyang-ubyung ?
4. Apa Purwadi angkuh lan gumedhe ?
5. Wong tuwane Purwadi ora ngugung putrane. Terangna !
6. Bocah diugung, ora becik. Terangna !

### III. Kawruh basa

#### A. Tuladha :

- a. Bapak ibunipun boten nate **klepyan** anggenipun migatosaken pasinaoning anak.
- b. Bapak ibunipun boten nate **kesupen** anggenipun migatosaken pasinaoning anak.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Punapa ingkang dipun suwun, uger punika kangge ubarampening pasinaon, dipun turuti.
2. Purwadi anggenipun **ngudi** dhateng pasinaon saestu lan tumemen.
3. Purwadi tampi **kanugrahaning Pangeran**, saged minggah klas lan kapilih dados juwara.
4. Tiyang sagriya **boten kendhat** anggenipun sumungkem ing Gusti Inggang Akarya Jagat.
5. Purwadi kasesa selak sumerep rapotipun ngantos nilar subasita.
6. **Idham-idhamanipun** tiyang sepuh, anakipun dados tiyang utami, pinter, prigel lan mursid.
7. Purwadi sakelangkung seneng manahipun tampi kanugrahaning Pangeran ingkang boten **kanyana-nyana**.
8. Dhawhipun Bapak tansah **kula estokaken**.

#### B. Tuladha :

- a. Purwadi punika dhateng kancanipun **tangkepipun** . . . . .
- b. Purwadi menika dhateng kancanipun **tangkepipun** **semanak**.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur mawa tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                                      |
|---|--------------------------------------|
| 1. Kristi punika <b>pasemonipun</b> . . . . .   | a. rumaket<br>b. padhang<br>c. sumeh |
| 2. Yanti punika saged sanget nutupi raos-<br>ing manah, sanajan manahipun kagelan<br><b>polatanipun</b> . . . . . |                                      |

- |  |            |
|--|------------|
| 3. Rusdi punika pinter srawung, dhateng sinten kemawon <b>tepingipun</b> . . . . . | d. kiyeng  |
| 4. Tiyang sepuh punika <b>manahipun</b> . . . . .                                  | e. pucet   |
| 5. Mireng kabar anakipun boten lulus ujian sakala <b>guwayanipun</b> . . . . .     | f. momot   |
| 6. Lare ingkang seneng olah raga punika <b>pawakanipun</b> . . . . .               | g. luhur   |
| 7. Ageng-ageng Wanti punika <b>dedegipun</b> . . . . ., kados suwargi ibunipun.    | h. lenjang |
| 8. Kumbakarna punika nadyan danawa <b>pambekanipun</b> . . . . .                   | i. santosa |

C. *Tuladha* :

- a. Nadyan makaten Purwadi boten **ugungan**.
- b. ugungan : kadunungan (gadhadh) watak seneng dipun ugung.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Diran punika lare **aleman**.
2. Adhiku gawe **jaranan** papah gedhang.
3. Sowana budhe, aku suwuna ngampil **ayakan** glepung.
4. Sandene bapak kae **bathikane** ibu piyambak.
5. Tarwi kae pancen pincang, ora mung **pincangan**.
6. Pitike godhogen **wutuhan** bae !
7. Olehmu **sabukan** kepara singset bae.
8. Pakde arep kagungan damel mantu, nganggo **wayangan** barang.
9. Aku terna tekan **sabangan** bae, kowe banjur muliha, aku dak nyabrang dhewe.

D. *Tuladha* :

- a. Aja kurang ing trapsila ya, Le, karo . . . . . aja ngono.
- b. Aja kurang ing trapsila ya, Le, karo **sapa-sapa** aja ngono.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur, mawa tembung-tembung dwilingga kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                       |
|---|-----------------------|
| 1. Aku mau tuku es, isene degan, cendhol karo .....   | a. wira-wiri          |
| 2. E, bok aja pepanas, kuwi raimu nganti ..   | b. mangar - mangar    |
| 3. Aja . . . . . ana kono, ngrigon - ngrigoni wong nyambut gawe.                            | c. kolang-kaling      |
| 4. Pak Cakra putrane wis . . . . . , gawean ngomah wis mlaku dhewe-dhewe ora ndadak diatag. | d. teka-teka          |
| 5. Enggal kondur lho, Mas, aja .....  | e. suwe-suwe          |
| 6. Anggone ngenteni nganti cengklungen, sing dienteni ora .....                             | f. gedhe-gedhe        |
| 7. .... omah iki yasanku dhewe, dudu paringane wong tuwa.                                   | g. tutur-turur - ane. |
| 8. .... kae lampu apa konang ?  | h. kelip-kelip        |
| 9. Rahmat kuwi bocah wangkal, angel . . . .   | i. ala-ala            |
| 10. .... kok ngajak nekeran, apa sesuk ora ana dina padhang.                                | j. ngolah-ngalih      |
| 11. Sapine Basirun kae .....  | k. wani-waniku        |
| telung puluh ewu rupiyah.   | l. bengi-bengi        |
| 12. Lungguhmu kok .....   | m. sabisa-bisa - mu   |
| ta, Sun, kaya lintang alihan bae.   | n. isin-isin          |
| 13. Sing durung mudheng matur, ora susah .....  |                       |
| 14. Soal iki garapen .....  |                       |

*E. Tuladha :*

Tiyang sepuhipun ngawisi saestu dolan ingkang sipatipun ubyang-ubyang.

*Udhalan :*

Tiyang sepuhipun : jejer  
ngawisi saestu : wasesa





## WULANGAN II

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

#### Sregep Sinau

- Purwadi : "Bu, punapa kagungan arta ?"
- Ibu : "Arep kanggo apa ta, apa arep nonton ?"
- Purwadi : "Inggih, Bu."
- Ibu : "Apa kowe arep kesed-kesedan, malem Senen barang athik ora sinau. Wis kepinteren ayake, Pur, kowe."
- Purwadi : "Ibu punika lho. Tiyang dereng rampung atur kula Ibu sampun duka."
- Ibu : "Lho lha jare arep nonton, mangka sesuk ki TPB. Lagi klas loro we sinaune wis kendho, mengko klas telu terus mlayu. Sapa sing ora duka, hara !"
- Purwadi : "Leres Ibu punika, leres sanget. Menawi mangke kula ningali . . . . . , ningali bioskup temtu leres Ibu duka."
- Ibu : "Lha apa, nonton ki nek ora nonton bioskup, apa band, wayang, arep nonton apa meneh ?"
- Purwadi : "Punapa boten wonten sanesipun, Bu ?"
- Ibu : "Lha ubyang-ubyang liyane kuwi. Pancen kowe mundhak sregep kok, Gus, cah bagus tenan kowe."
- Purwadi : "Wah, wah, selak kakehan dosa. Kula badhe ningali . . . . . , ningali toko buku, kok, Bu. Punapa kagungan arta ?"
- Ibu : "Pur, Pur, karo Ibu kok senenge gawe dheg. Bok mau enggal matur sing teteh. Nek Ibu ora duka kok ora lega."
- Purwadi : "Kula remen, Bu, dipun dukani Ibu uger namung sekedhik-sekedhik."
- Ibu : "Arep apa, ta, kok nonton toko buku ? Gajege buku-bukumu wis komplit."

Purwadi : "Anu, Bu, menawi buku wucalan pancen leres sampun gadhah sadaya. Ingkang badhe kula tumbas punika bausastra lan buku paribasan."

Ibu : "O, ngono, enya pira regane, kepara dakserepi, kanggo jagan, ya. Sing mundhak sregep lho, sinaune!"

Purwadi : "Inggih, Bu, badhe kula sregepi saestu. Sampun, Bu, kula bidhal sapunika."

Ibu : "Iya, iya. Ngati-ati lho!"

Purwadi : "Inggih, Bu, sendika."

*B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung-tembung sing dhoyong cap-capane kedalna sing trep !*

1. a. *Kanca* pira sing padha budhal iki mengko ?  
b. *Kancamu* apa wis padha kokangseni ?
2. a. Kowe mau *tawa* apa ?  
b. Dakkira *tawamu* ora tenanan.
3. a. Kowe kok ngreti, sing *kandha* sapa ? *kandha*  
b. Anu, *kandhane* wong-wong kuwi lho. *kandhane*
4. a. Kayu *nangka* pancen kena dienggo balungan omah.  
b. Wit *nangkaku* tegoren, peken, wong wis ora gelem awoh.
5. a. Kowe gelem *tampa* resiko pira ? *tampa*  
b. Wis kono, pira-pira *daktampani*. *kampani*

## II. Maca titi

### A. Wacanen batin !

#### Mundhak sregep sinau

Purwadi saestu minggah klas kalih, malah kapilih dados juwara kapisan.

Boten nggumunaken menawi larenipun seneng. Punapa malih tiyang sepuhipun, bombonging manah boten kinanten.

Sinaunipun saya mindhak mepeng lan sregep, rumaos ageng manahipun. Najan mekaten, Purwadi boten lajeng gumedhe, tebih saking tembung : adigang, adigung, adiguna.

Sedaya wau awit tiyang sepuhipun boten katlumpen anggenipun suka tetuladhan amrih lare boten kepatuh tumindak ingkang kirang prayogi. Asring sanget tiyang sepuhipun nedah-nedahaken dhateng lare bab wasiyat punapa dene wasita adi. Kadosta : Sapa temen tinemu, ulat madhep, ati karep, jer basuki mawa beya, sapa salah seleh, becik ketitik ala ketara, aja dume, ngundhuh wohing panggawe.

Sedaya punika tansah cumithak wonten ing telenging manahipun Purwadi. Lan, ndayani pasinaonipun saya sengkut lan tumemen. Ewadene, dhateng padamelan ing griya ugi sregep, kawastanan lare doyan damel.

Purwadi saged sanget mbage wekdal, pundi ingkang kangge sinau, pundi ingkang kangge mbiyantu tiyang sepuh. Sanajan gadhah rencang, Purwadi boten kumandara. Rumengkuhipun dhateng rencang kados dhateng batih. Punika wau njalari rencangipun malah saya ering lan ngaosi.

*B. Wangsulana kang patitis, luwes, abasa krama !*

1. Kepriye sinaune Purwadi ?
2. Apa wong tuwane sok aweh tetuladhan ?
3. Apa saben dina Purwadi mung sinau thok, ora ngreti gawean ngomah ?
4. Kepriye tangkepe Purwadi marang rewang ?
5. Purwadi iku doyan ing gawe. Apa sinaune ora banjur kether ?

*III. Kawruh basa*

*A. Tuladha :*

- a. Tiyang sepuhipun boten ketlumpen anggenipun suka tetuladhan.
- b. Tiyang sepuhipun boten nate kesupen anggenipun suka tetuladhan.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Purwadi boten gumedhe.
2. Pikajengipun tiyang sepuh amrih lare boten kepatuh tumindak ingkang kirang prayogi.
3. Asring sanget tiyang sepuhipun nedahaken wasiyat dhateng lare.
4. Sadaya wau ndayani pasinaonipun saya sengkut lan tumemen.
5. Sanajan gadhah rencang, Purwadhi boten kumandara.
6. Rumengkuhipun dhateng rencang kados dhateng batih.
7. Punika wau njalari rencangipun malah saya ering lan ngaosi.
8. Bukunipun Purwadi sampun **komplit**, namung kirang basa-sastra lan buku paribasan.

*B. Tuladha :*

- a. Purwadi minggah klas, ndadosaken bombonging manahipun .....
- b. Purwadi minggah kelas, ndadosaken bombonging manahipun **tiyang sepuh**.

*Ukara-ukara iki ganepana kaya tuladha ing nduwur, nganggo tembung camboran kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                 |
|---|-----------------|
| 1. Ibu ngayaki glepung arep kagem ngasta . . .  | a. kebo giro    |
| 2. Panganten sekaliyan mangagem nyamping .....  | b. sida muk-ti  |
| 3. Rawuhe para tamu dipethukake gendhing .....  | c. nagasari     |
| 4. Yen pinuju mangsa petengan mangka langite resik tanpa mendhung, lintang . . . . . katon ngregancang ing tengah - tengahing lintang-lintang liyane. | d. bima sek-ti  |
| 5. Daleme simbah kinupeng ing . . . . .   | e. sikil meja   |
| 6. Layange anake kena kanggo panglipur, minangka .....  | f. tamba kangen |
|   | g. pager bata   |

- |   |                  |
|---|------------------|
| 7. Kukuku njepat, kesandhung . . . . .  | h. dhegus        |
| 8. Bocah-bocah aja padha dikulinakake golek                                   | i. ruking        |
| 9. Ora ngira manawa saiki si Yahya awake . . . mangka biyen lemu ginuk-ginuk. | j. dhuwit sawur  |
| 10. Bareng wis dewasa Petrus ketok . . . . . ora siwah karo bapake.           | k. panjer rina   |
|   | l. kodhok ngorek |

C. Tuladha :

Purwadi rumangsa **gedhe atine**, sinaune mundhak mampang lan sregep.

*atine mangkud, seneng ora duwen rasu wada*  
*amarga tembung ora siji*  
 Ukara-ukara iki genepana nganggo tembung entar kang cuma-wis ing sisih tengen !

- |   |                     |
|---|---------------------|
| 1. Sing tansah . . . . . iku anake sing ana ing Sumatra, awit adoh wong tuwa mangka lelaranen.  | a. entek atiku      |
| 2. . . . . daktinggal mengo weruh - weruh adhiku wis brangkangan tekan sandhing blumbang.   | b. dadi ati         |
| 3. Sapatine anake anggone nyambut gawe gelem ora-ora, kaya wong . . . . .   | c. pepes atine      |
| 4. <i>aweh kepeling susah</i> Awèh <u>sesuluh</u> / marang wong <u>kepetengan</u> iki kudu sing cetha, sing ngrtekake lan sing bisa . . . . . wong sing dipituturi. | d. pingget atine    |
| 5. Aja pisan-pisan . . . . . , kosok baline kowe kudu awèh panarima   | e. nggugah atine    |
| 6. Wis salah ndadak ngeyel pisan, mula kapeksa . . . . .  | f. cilik atine      |
| 7. Pak Karjan kae katone sabar banget, jebul karo anak-anake kodo lan gelem . . . . .   | g. ana ing tanganku |
| 8. Ora susah kumbi, wewadimu wis . . . . .  | h. daktangani       |
| 9. Ngati-ngati lho, si Jendhul kancamu kae . . . . .  | i. mara tangan      |
| 10. Wong tuwane cengkiling banget, si Lanjar saben dina prasasat . . . . .  | j. ketiban tangan   |
|   | k. dawa tangane     |
|   | l. adhem tangane    |

*D. Tuladha :*

- a. Purwadi gadhah rencang. Purwadi boten kumandara.
- b. 1. Sanajan gadhah rencang, Purwadi boten kumandara.  
2. Purwadi gadhah rencang, nanging boten kumandara.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Griya punika ageng. Griya punika sewanipun mirah.
2. Kapal punika alit. Kapal punika rosa.
3. Sande punika anyar. Sande punika kathah cirinipun.
4. Randi punika nedhanipun kathah. Randi boten saged lema.
5. Asih griyanipun celak sekolahan. Asih asring sanget kasep.
6. Buku punika awis. Buku punika kedah kula tumbas.
7. Sentanu gesangipun rekaos. Sentanu boten purun ngresahi sanak sadherek.
8. Murti sampun wongsal-wangsul kula emutaken. Murti taksih ajeg kesed.
9. Susi kaliyan Andri punika sadherek tunggil bapa biyung. Susi kaliyan Andri punika watakipun kados bumi kaliyan langit.
10. Kula sampun wongsal-wangsul maos buku punika. Kula dereng apil.

*E. Ukara-ukara iki wacanen, lan setitekna tegese paribasan sing dicap dhoyong !*

1. Sing sapa kepengin urip mulya, ora kena wedi kangelan, kudu padha gelem setiyar, sabab *jer basuki mawa beya*, tekaning kamulyan sarana pambudidaya.
2. Titenana bae, *sapa salah seleh*, sing salah bakal kalah.
3. *Becik ketitik ala ketara*, ditutup-tutupana kae wusanane bakal kasumurupan endi sing bener endi sing luput, endi sing becik endi sing ala.
4. Gegayuhan kang disaranani kanthi pambudidaya tan kena ora mesthi kecekel, awit *sapa temen tinemu*.
5. Aja padha ngedir-edirake kekuwatan, kaluhuran lan kapintarahmu, awit wong *adigang, adigung, adiguna* iku tundone bakal nemu sangsara.

6. Aja padha seneng ngina utawa ngremehake pepadhaning manungsa, awit *giri lusi janma tan kena ingina*. Ing atase cacing bae bisa nggremet tekan pucuking gunung, apa maneh manungsa, mula ora kena diina.
7. *Ulat madhep ati karep*, dhasar atine cocog tur iya pancen wis kepingin.
8. We lha, jenenge iki *golek-golek ketanggor wong lurus-luru*. Nembung nyilih nyang nggone wong sing uga butuh lan lagi setiyar.

#### IV. Kasusastran

*Wacanen sing patitis lan apalna !*

Dhuh prajaku, tanah wutahing getihku kang satuhu, yen dadi woding atiku.

Jer wus bisa, sung berkah mukti wibawa.

Mring pra wredha, wedharing kang sih wilasa.

Ingkang asung, busana myang baksana gung tanpa petung, pantes kinudang ing kidung.

(Racikan Basa II).

Katrangan :

1. Tembung-tembung iki ngemu purwakanthi swara : *padha swara → sugi sugi*

prajaku	—	getihku	, swara	u
satuhu	—	atiku	, swara	u
bisa	—	wibawa	, swara	a
wredha	—	wilasa	, swara	a
asung	—	gung	, swara	ung
petung	—	kidung	, swara	ung

2. Dene tembung-tembung iki ngemu purwakanthi sastra :

bisa	—	sung	, sastra	<i>Pak Wira wira-wiri wira swirangan kewirang.</i>
wredha	—	wedhar	, sastra	w, dh
asung	—	busana	, sastra	s <u>krata krata katas krata kretag kretan.</u>
petung	—	pantes	, sastra	p, t

*purwakanthi basa* / Jatas titis tatap tetap kang  
*sepa sepi sepan* Mb2- 23

Conton :

V. Maca lan nulis aksara Jawa

*Tulisen mawa aksara Jawa !*

1. Sah, Ngaisah, **tukua** uyah kana !
2. Mengko sore bae **renea** maneh, Sri.
3. Saiki **balia** dhewe, mengko sore aku nusul.
4. **Bodhoa** kae janji sregep sinau bisa dadi pinter.
5. Sumur kuwi **ditawua** kae, yen ora didhudhuk maneh ba-  
nyune ora agung.
6. **Dhukune** apa wis teka, Kris.
7. Enya iki lho, **dhukune** legi-legi.
8. Aku melu, **wudhune** pira.
9. **Wudune** Trisni apa durung mecah ?
10. Iku jalake sapa, Pras ?

## WULANGAN III

### I. A. Pacelathon

#### Tindakna I

#### Apa Tumon

- Danarti : "Nur, Nur, apa kowe wis tau weruh ana sepur tanpa masinis?"
- Nurendah : "Durung tau yen sepur mlaku, yen mandheg tanpa masinis aku wis kerep weruh."
- Danarti : "Nur, iki omong tenan lho, ora guyon. Nek srekanan we aku bisa. Sepur kok mlaku ki ngendi ana, wong ora duwe sikil."
- Nurendah : "Ya wis, siji-siji, alias buk. Nyat ora ana sepur mlaku jlegrang-jlegrang kaya Raden Werkudara. Sing dakkarepake yen sepur mandheg ana setasiyun, aku wis tau weruh."
- Danarti : "Nek kuwi we ora gumun, lumrah bae. Sing daktakokake kowe kuwi sepur pas ora mandheg masinise ora ana. Wis weruh apa durung?"
- Nurendah : "Iyah mokal kuwi, ora mulih nalar. Piye lakune, padhane-montor ora ana sopire, mangsa bisaa mlaku."
- Danarti : "Aku ki ya gumun maune, ning kok ya ana lho lelakon kaya kuwi."
- Nurendah : "Apa tumon barang mokal bisa klakon."
- Danarti : "Tumon bae, jagat jembar langit dhuwur. Kuwi komborane disambi kanggo tamba nge-lak, karo apa kuwi, ayo diicipi ! Mengko dakdongengi."
- Nurendah : "Iya, iya. Selak notol lho Nar, aku."

B. Ukara-ukara iki wacanen, lagokna sing trep karo surasane !  
Banjur gawea tuladha liyane !

1. a. Mangana sing akeh ben wareg ! (akon supaya . . . )  
b. . . . . *rimbag agnya*
2. a. Aku mau mangana dhisik saiki ora kengelihen. (upama...)  
b. . . . . *rimbag sambawa*
3. a. Mangana kae bubur, sedhela bae wis krasa ngelih.  
(sanajan) *Rimbag Sambawa*  
b. . . . .
4. a. Mangana sing akeh, ya, pitikku ben gelis gedhe.  
(pangarep-arep) *Rimbag Sambawa*  
b. . . . .
5. a. Kono, kono, mangana maneh, kareben kuwaregen !  
(panglulu) *nglulu*  
b. . . . .

## II. Maca titi

### A. Wacanen batin !

#### Apa tumon, sepur tanpa masinis

Ing satunggaling kitha alit ing tlatah pundi, kula kesupen, nate wonten lelampahan ingkang nggumunaken. Liripun, boten limrah-pun mekaten punika.

Menawi sopir becak mencolot jalaran badhe tabrakan, punika boten nggumunaken. Kusir andhong, tiyang numpak pit, tiyang numpak pit montor, sami mlumpat perlu pados wilujeng punika kalebet limrah, asring sanget kedadosan.

Sareng masinis, upami ngantos mencolot medal, kados-kados kok boten pinanggih ing nalar. Ewasemanten lelampahan ing jagat punika pancen warni-warni. Kala mangsanipun ingkang boten pinanggih nalar saged kelampahan.

Kula nate mireng, wonten sepur mlajeng tanpa masinis, jalaran masinisipun mlajeng pados wilujeng. Wonten ing pundi kedadosan-

ipun kula kesupen, nanging cariyosipun kula taksih enget gawang-gawang ngantos sapriki. Wondene ingkang ndongengi embah, nalika kula taksih kepara alit.

*B. Wangsulana kang patitis abasa krama !*

1. Bab apa kang dicaritakake ing wacan kuwi ?
2. Ing ngendi klakone kedadeyan kuwi ?
3. Apa bab kang mangkono kuwi klebu nalar ?
4. Apa kowe wis tau ngerti crita nanging lali papan dununge utawa ana ing ngendi kelakone ?
5. Coba ngaranana lelakon kang klebu nggumunake !

*III. Kawruh basa*

*A. Tuladha :*

Kala mangsane sing ora tinemu ing nalar bisa kelakon.

*Ukara-ukara iki isenana andhahane tembung laku sing cuma-wis ing sisih tengen !*

- |   |                   |
|---|-------------------|
| 1. Aku wurukana . . . . . etungan iki !   | a. lakon          |
| 2. Durung ngerti . . . . . wong bebakulan kok wani kulakan warna-warna, lha rugi.                       | b. laku-laku - ne |
| 3. Yen numpak pit montor, saka desaku tekan kutha kabupaten kira-kira . . . . . rong jam.               | c. lakune         |
| 4. Dhek bengi aku nonton wayang, . . . . . Gathutkaca Rebutan Kikis.                                    | d. lakokna        |
| 5. Yen atimu keduga anggone nari pamanmu kuwi becik . . . . .   | e. lakone         |
| 6. Yen sliramu durung entuk pagawean sing maton, montorku bae . . . . . dene setoranmu ya saentuke bae. | f. lakonana       |
| 7. Taun iki yuswane ibu 32 taun . . . . . ganepé 32 taun besuk tanggal 17 Mei.                          | g. kelakon        |
| 8. Saben esuk, bubar salat subuh, aku . . . . . watara sajam.   | h. mlaku          |
|   | i. mlaku          |
|   | j. lelakon        |
|   | k. nglakoni       |
|   | l. lakumu         |

- |   |   |   |           |   |             |
|---|---|---|-----------|---|-------------|
| <p>9. . . . . ing alam donya iku warna-war-<br/>na.</p> <p>10. Aku mung awèh pamrayoga, koenggo uta-<br/>wa ora mangsa bodhoa kowe, wong kowe<br/>sing . . . . .</p> <p>11. Wis suwe anggonku kepengin weruh pulo<br/>Bali, nganti seprene durung . . . . .</p> <p>12. Wong lara sing lagi . . . . .<br/>iku prayoga suwuna marang Pangeran, di-<br/>paringana pangapura lan entuka dalan pa-<br/>dhang.</p> <p>13. . . . . kang ora bener kuwi marenana.</p> | <table border="0"> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">m. lelaku</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">n. dilakoni</td> </tr> </table> | } | m. lelaku | } | n. dilakoni |
| }   | m. lelaku   |   |           |   |             |
| }   | n. dilakoni   |   |           |   |             |

**B. Tuladha :**

- a. Kula nate mireng kabar, wonten sepur mlampah tanpa...
- b. Kula nate mireng kabar, wonten sepur mlampah tanpa masinis.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur, milihha tembung-tembung ing sisih tengen !*

- |   |  |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
|---|--|---|-----------|---|--------------|---|----------|---|------------|---|---------|---|---------------------|---|-----------|
| <p>1. Kreta punika kendel, . . . . .<br/>lajeng mendhet komboran kangge ngombor<br/>kapalipun.</p> <p>2. . . . . punika kedah ngertos dhateng sa-<br/>daya thek-kliwering mesin lan apil dhateng<br/>lageyaning montoripun.</p> <p>3. Kula asring dolan dhateng besalen ningali<br/>. . . . . anggenipun damel pacul, arit, kejen,<br/>lan sanes-sanesipun.</p> <p>4. Bapak lan ibu . . . . . anggenipun mulang<br/>lan nggulawenthah para murid kanthi ma-<br/>nah sabar lan tlatos.</p> <p>5. Sasampunipun sepur lumampah, wonten . .<br/>kalih sami niti priksa karcisipun para pe-<br/>numpang.</p> | <table border="0"> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">a. pandhe</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">b. kusiripun</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">c. sopir</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">d. dhalang</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">e. guru</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">f. kondhek -<br/>tur</td> </tr> <tr> <td style="font-size: 2em; vertical-align: middle;">}</td> <td style="vertical-align: middle;">g. jlagra</td> </tr> </table> | } | a. pandhe | } | b. kusiripun | } | c. sopir | } | d. dhalang | } | e. guru | } | f. kondhek -<br>tur | } | g. jlagra |
| }   | a. pandhe  |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | b. kusiripun   |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | c. sopir   |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | d. dhalang   |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | e. guru  |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | f. kondhek -<br>tur  |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |
| }   | g. jlagra  |   |           |   |              |   |          |   |            |   |         |   |                     |   |           |

- |  |   |
|--|---|
| <p>6. Ki . . . . . suwantenipun gandhang, anta-<br/>wecananipun patitis lan sabetanipun ge-<br/>sang sarta trampil.</p> <p>7. Kyai dhalang anggenipun mundhut gendhing<br/>dhateng para . . . . . namung sarana sasmita.</p> <p>8. Wanci sonten para . . . . . sami nggiring<br/>raja kayanipun.</p> <p>9. Para . . . . . ingkang sami yasa candhi<br/>punapa dene reca punika tatahanipun ngre-<br/>mit lan alus.</p> <p>10. Sareyan punika ajeg resik awit . . . . .<br/>sregep resik-resik.</p> | <p>h. pangen</p> <p>i. niyaga</p> <p>j. juru kun-<br/>cinipun</p> <p>k. undhagi</p> |
|--|---|

C. Tuladha :

Kula kesupen kedadosanipun wonten pundi, nanging kula taksih enget gawang-gawang cariyosipun.

*Tembung kang dicap dhoyong ing ukara ngisor iki golekana kosok baline !*

1. Ingkang badhe kula cariyosaken punika lelampahan ingkang sakalangkung *aneh*, lirihipun boten . . . . . mekaten.
2. Drajat punika kesangeten anggenipun *brangasan*, mangka tiyang sepuhipun . . . . .
3. Tiyang ingkang seneng olahraga badanipun *singset*, beda kaliyan ingkang boten seneng, badanipun temtu . . . . .
4. Toya paceren sampun pisan-pisan dipun bucal dhateng papan ingkang *adhakan*, kedah kailekaken dhateng papan ingkang . . . . .
5. Kula *seneng* manawi tanggi tepalih kula tampi kanugrahan, lan ugi tumut ngraosaken . . . manawi tanggi kula manggih reribed.
6. Lare ingkang sami ngadeg wonten ing papan ingkang *benter* dipun dhawuhi pados panggenan ingkang . . . . . , amargi ingkang badhe dipun dhawuhaken pak guru taksih kepara kathah.

7. Rencangipun ingkang *ndemenakaken* nyuwun medal, ang-sal santun rencang ingkang nyambut damelipun sarwa . . .
8. Saweg sepisan punika anggen kula milih *kleresan*, adatipun tansah . . . . .
9. Mbakyu pawakanipun *andhap alit*, wondene kangmas . . . . kados bapak.
10. Kapalipun dipun titihi *alon-alonan*, nanging sareng sumerep mendhungipun saya ngendhanu lajeng dipun . . . . .

*D. Tuladha :*

- a. Kula mireng kabar wonten lelampahan ingkang nggumun-aken, **liripun** boten limrahipun makaten punika.
- b. Kula mireng kabar wonten lelampahan ingkang nggumun-aken, **tegesipun** boten limrahipun makaten punika.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Para prajurit ingkang tinilar ing pangagengipun pindhanipun kados kuthuk tinilar ing babonipun.
2. Kacariyos, wana punika sakalangkung wingit gawat kaliwat-liwat, dados kedhatonipun jim setan pri prayangan sarta dados pandhelikanipun sato wana.
3. Sang Prabu tampi nawala panantang, sakala duka yayah sinipi.
4. Dewi Pergiwa lan Pergiwati nilar pratapan ngupadi sudarmanipun.
5. Wonten ing madyaning wana sang dyah kekalih pinanggih utusan saking Astina.
6. Sulayaning wuwus andadosaken perang, dedreg arebat unggul.
7. Sata Kurawa asor yudanipun, awit Sang Dyah Ayu dipun pitulungi ingkang raka Raden Abimanyu.
8. Dewi Pergiwa lan ingkang rayi Dewi Pergiwati dahat karenan ing galih awit saged oncat saking bebaya.
9. Sang Dyah Ayu kekalih nulya anglajengaken tindakipun ingirid ingkang raka Raden Abimanyu dalah para parepat, Semar, Nala Gareng, lan Petruk.

E. *Tuladha* :

Ingkang ndongengi pun embah **nalika** kula taksih kepara alit.

*Ukara-ukara iki rampungna kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Embah seda **nalika** .....
2. Buku kula ical **nalika** .....
3. Sabinipun bapak keleben **nalika** .....
4. Kula boten mlebet sekolah **nalika** .....
5. Kula sumerep Jakarta **nalika** .....
6. Pandung punika mlebet griya **nalika** .....
7. Pak guru tindak dhateng panggenan kula **nalika** .....
8. Ingkang pungkasan kula sowan embah **nalika** .....
9. Wahyuni dumugi panggenan kula **nalika** .....
10. Kagungan panjenengan buku kula titipaken ingkang rayi **nalika** .....

IV. **Ngarang**

*Gawea karangan gancaran, milih irah-irahan ing ngisor iki salah siji !*

1. Nyumbang Kadhone Keri.
2. Wis Kebacut Nganyang Dhuwite Keri.
3. Gedhang Awoh Ing Tengah Uwit.
4. Sing Aneh-Aneh ing Sakiwa Tengenku.



## WU LANGAN IV

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

Sriyani : "Budhe, nyuwun priksa punapa bapak kalawau sowan mriki ?"

Budhe : "Ora ki, Sri. Geneya ta ?"

Sriyani : "Anu, kanca kula kok criyos kala wau sumerep mobilipun, bapak langkung ngajeng sekolahan."

Budhe : "O, ngono ta. Nek dhines mriksa-mriksa yake. Wong tlatahe bapakmu saiki jembar. Rak sa-Jawa Tengah, ta ?"

Sriyani : "Nanging kok inggih boten pinarak sowan Budhe. Upami sowan kula badhe matur nyuwun arta, kangge tumbas buku."

Budhe : "Sri, Sri, arep tuku buku bae thik ndadak nyuwun bapak. Budhe ki apamu. Rak wong tuwamu dhewe ta sasate. Pira ta regane buku kuwi ?"

Sriyani : "Anu, Budhe, sanget nuwun. Tiyang dereng kesesa kok. Tur kaliyan badhe matur sanesipun."

Budhe : "O, ngono ta. Ya mengko yen perlu bae matura Budhe, ya. Apa kirim layang bapakmu."

Sriyani : "Kula sampun kintun sérat, Budhe. Setengahipun kula punika inggih ngajeng-ajeng balesanipun bapak. Nanging langkung ngriki kok boten sowan Budhe, mila kula lajeng matur punika wau."

Budhe : "Dadi kowe wis ngaturi layang bapakmu ta ? Adate bapakmu ki ora tau tledhor menggalih putrane. Ya coba ta disrantekake sawetara. Nek durung teka barang, layange bapakmu."

Sriyani : "Inggih, Budhe, kula srantosipun sedinten kalih dinten."

- Budhe : "Iya, iya. Ning bok coba ta, kothak pos kae tilikana. Iki mau rak durung ana sing niliki. Enya kuncine, bukaken !"
- Sriyani : "Inggih, Budhe.  
O, lha punika wonten saestu."
- Budhe : "Apa ta, rak tenan kandhaku. Wis, kana diwaca kana. Durung-durung kok jingklak-jingklak."
- Sriyani : "Hi, hi, hi, hi, hi. Ngantos kesupen, Budhe. Saking bingah kula lajeng jingklak-jingklak. Nuwun sewu kula maos rumiyin, Budhe."
- Budhe : "Lha iya no. Wong sing tanpa-layang kowe."

B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung sing dicap dhoyong kedalna sing trep !

1. Wite lunyu, angel *dipenek*.
2. Yen kowe wani, kates kae *peneken* bae, aja kosenggrok nganggo genter.
3. E, bok aja padha *penekan* !
4. Bocah kelas papat digladhi *ngerek* gendera.
5. Sur, kutute *kereken* !
6. Yen kowe sida menyang pasar aku titip tukokna *kerekan* timba ya, Jan.
7. Sang Prabu Erlangga kersa *seleh* keprabon.
8. Bukumu *selehna* kono, ora-orane ilang !
9. E, kuwi dhingklik kanggo lungguh, dudu *selehan* sikil !

## //. Maca titi

### A. Wacanen sing titi !

#### Seratipun Bapak dhateng Sriyani

Kang pandonga  
tumrap marang anakku Sriyani  
ing Sala

Pamuji rahayu.

Ngger, Sriyani, Bapak lan Ibu wis tanpa layangmu kang katitimangsan : Sala, 1 April 1977. Mungguh surasane wis kecap, kaya ora ana kang kecicir.

Yen ing sajroning minggu iki kowe weruh mobile Bapak liwat kutha kene, kuwi pancen bener, nanging Bapak ora kober mampir tilik kowe. Mula aja kaget lan aja mlenggong atimu. Bab panyuwunmu kang kasebut ing layang kabeh wis diurus ibumu. Yen ora kleru : tukon buku, uang saku, tukon sandhangan cara Jawa sapangadeg arep kanggo mengeti dina Kartini.

Aja cilik atimu, ibumu arep enggal-enggal tindak rene nyukupi butuhmu kuwi.

Rehne kowe adoh wong tuwa, budhemu kuwi anggepen wong atuwamu, apa ngendikane estokna.

Welingku sing wigati : mumpenga anggonmu sinau, sing tegegen lan sing mugen, aja dhemen ubyang-ubying. Sing uwis-uwis, wong ubyang-ubying kuwi bakal keduwung tembe burine. Luwih-luwih kowe bocah wadon, akeh saru sikune, cepak rubedane. Yen kurang prayitna bisa nemu kesusahan. Ana paribasan : Yitna yuwana, lena kena. Kuwi bundhelana sing premati.

Ironing gawe layang iki kaanane wong atuwamu padha ginanjar ing kayuwanan. Muga-muga tumrap anakku ing paran uga ora beda.

Wis ya, Sri, semene dhisik, ibumu rak enggal tekan kene. Bektine Bapak lan Ibu bae aturna marang budhe ya, lan puji pandongaku mawantu-wantu marang anakku kang lagi pisah, ngangsu kawruh kanggo sanguning ngaurip.

Pekalongan katitimangsan kaping  
5 April 1977

Bapak lan Ibu tresna,

Pudyastawa

*B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang trep lan luwes !*

1. Layang kuwi layang balesan. Ukara endi kang mratelakake ?
2. Yen beher liwat, apa sebabe bapake Sriyani ora mampir?
3. Bab apa sing disuwun Sriyani ?
4. Piye kaanane bapak lan ibune Sriyani nalika nulis layang kuwi ?
5. Kowe rak ngerti ta, perangane layang ganep. Coba aranana!

*III. Kawruh basa*

*A. Tuladha :*

- a. Surasane layang wus **kecakup**, ora ana kang kecicir.
- b. Surasane layang wus **kasumurupan kabeh**, ora ana kang kliwatan.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Welingku sing **wigati** : mepenga sinaumu aja dhemen ubyang-ubyung.

2. Sing uwis-uwis wong ubyang-ubjung bakal keduwung tembe burine.
3. Bocah wadon kuwi akeh saru sikune, cepak rubedane.
4. Yen kurang prayitna bakal nemu kesusahan.
5. Paribasan "Yitna yuwana lena kena" iku bundhelana sing premati.
6. Ironing nulis layang iki kaanane wong atuwamu padha ginanjar ing kayuwanan.
7. Puji pandongaku mawantu-wantu marang anakku kang lagi pisah, ngangsu kawruh kanggo sanguning ngaurip.
8. Adate bapakmu ora tau tledhor menggali putrane.

*B. Tuladha :*

- a. Mas, nyuwun priksa punapa kala wau bapak tindak mriki? *Mudakrama.*
- b. Mas, nyuwun priksa apa mau bapak tindak mreng?

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Mas, penjenengan dipun timbali bapak.
2. Mbakyu, menawi kepareng ingkang putra badhe kula ajak sowan ibu dhateng Mediyun.
3. Mangga, Dhi, unjukanipun mumpung taksih anget, lan punika nyamikanipun kula aturi ngedhapi.
4. Menawi boten klentu penjenengan punika rak dhimas Sasangka putranipun paman Suryasumpena ta ?
5. Mas, punapa kepareng kula nyelani nyuwun ngampil titihanipun sadinten kemawon ?
6. Mbakyu, menawi saestu sowan embah dhateng Tasik, kula badhe ndherek.
7. Mas, punapa panjenengan sampun priksa bilih wulan ngajeng mangke yu Sri saestu bidhal dhateng Pilipina ?
8. Dhik, kula nyuwun tulung, penjenengan matur ibu, bilih benjing Minggu kula boten saged wangsul.
9. Sapunika dinten Jumuwah Legi, dinten wiyosanipun ibu.
10. Mangga sowan ibu, kabaripun ibu gerah.

C. Tuladha :

Ibu mundhut sandhangan cara Jawa sapangadeg.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !

- |   |  |
|---|--|
| 1. Bapak mundhut jaran . . . . .  | a. rong ran -<br>cak   |
| 2. Biyen daraku mung . . . . .<br>saiki wis bebrananahan dadi sapirang-pirang.                        | b. sarakit   |
| 3. Pakdhe kagungan gamelan . . . . .<br>slendro lan pelog.  | c. sajodho <i>manu</i><br><i>data</i>                                  |
| 4. Bulik mundhut patehan . . . . .  | d. satangkep <i>gubuk</i>  |
| 5. Dhek wingi mas Atun . . . . .<br>sowan bapak, nyuwun pamit anggone arep<br>boyong menyang Mekasar. | e. saprangkat <i>sanit</i><br><i>gamelan</i>                           |
| 6. Sri, Ibu tukokna gula jawa . . . . .<br>ya, Nduk !   | f. sabrayat <i>salaku</i><br><i>ya</i>                                 |
| 7. Kabul tuku sandhal . . . . .   | g. sekaliyan   |
| 8. Pakdhe . . . . . tindak Surabaya ,<br>aku didhawuhi ngancani mas Bima tunggu<br>omah.              | h. sepasang <i>sadda</i><br>i. sagragan <i>caran</i><br><i>fakatan</i> |

D. Tuladha :

- Muga-muga anakku kang aneng paran ingedohna ing sambekala.
- Muga-muga anakku kang ana ing paran ingedohna ing sambekala. *Jumbuh garban / sandhi*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

- Raden Abimanyu, sang sudireng prang, kapupu madyaning rana tatune arang kranjang.
- Anuju ari Respati Sang Nata lenggah sinewaka mungging sitinggil binatarata.
- Sang Nata pranyata ratwagung mahambek pinandhita.
- Prapteng ngabyantara nata, raosing manah lir siniram ing toya sawindu.

5. Para panakawan sami angenggar-enggar manah, tetembang-an sarwyanjoget ganti-ganti.
6. Sang Nata lenggah ing dhampar dhenta pinatik ing seso-tyadi.
7. Kang jumeneng narendra ajejuluk Mahaputra Arimurti.
8. Para siswa jalwestri samya angadhup Sang Mahamuni Baga-wan Sidik Wacana.

E. Tuladha :

Sri, damar mancung, cinupet semene dhisik layange Bapak, liya wektu disambung. (Damar mancung = Upet)

Ukara-ukara kang ngemu wangsalan ing ngisor iki wacanen kang titi !

↳ basa kinathok ingkang wujudipun kados dené cangkriman kang batanganipun sampun dipunkawaraken sajan nyempit

1. Nyaron bumbung, nganti cengklungen anggonku ngantu-antu ngenteni tekamu.
2. Kono, mrica kecut, sauni-unimu !
3. Mbalung-krambil, dakkira kowe mung ethok-ethok.
4. Sarung jagung, bobot timbang sing arep nglakoni.
5. Wong mung dielikake ngono bae kok mentil kacang, banjur mbesengut.
6. Kowe kuwi nglemah bengkah, senengmu nyela-nyela.
7. Aja seneng ngrokok cendhak ta, Yun, senengane kok neges-neges.
8. Balung jagung, yen pancen saguh aja janggalan.
9. Witing klapa, Pakdhe, kula punika matur lugu.
10. Wohing aren, welingku ya, aja lali !
11. Ta, ta, rak nganak kodhok, polahe pecicilan.
12. Jenang sela ya, Mas, yen ana luputku aja kurang ing pangapura.
13. Mbalung geni, e, mbokmenawa yen ana bejaku.
14. Kancing gelung mungwing jaja, titenana !
15. Roning mlinjo, sampun sayah kula nyuwun ngaso.

kelebu wangsalan padinan.



## WULANGAN V

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

Hardi : "Nar, preen iki apa rancanganmu ?"

Narta : "Lha kowe piye ?"

Hardi : "Ditakoni durung wangsulan wis genten takon. Ya, dakngalah. Aku kepengin nonton endahing alam."

Narta : "Aku iya."

Hardi : "Wangsulanmu ki thik nganyelake : aku iya, ki karepmu piye ?

Kene ki omong tenan, kono mung sakepenake."

Narta : "Kojur tenan aku ki. Trima nurut isih salah. Nurut salah, apamaneh yen nggesehi, mesthine saya gedhe ukumane."

Hardi : "Ya aja ngono, Nar. Aku ki ora nyalahake, ning olehe larang ki lho omonganmu. Mbok ya usul piye ta piye."

Narta : "Aku ki pancen arep usul. Jan-jane malah ora mung usul, nanging ajak-ajak. Kebeneran kowe miwiti."

Hardi : "O, dadi genah-genahe iki mau nunggal karep ning durung trep. Ya ngono pa piye ?"

Narta : "Yake ora kleru kandhamu kuwi."

Hardi : "Yen kowe, apike menyang ngendi, Nar ?"

Narta : "Aku ki durung jajah. Jare sing apik-apik akeh. Kayata : Tawangmangu, Baturaden, Parangtritis, Kaliurang, Kopeng, Bandhungan, Jatijajar. Lan mesthine isih akeh liyane."

Hardi : "O, iya. Kae lho. Ngendi ya kae. Aku tau dicritani kok. Kae lho saka Ngawi ngidul, terus tekan Magetan, terus . . . . . ngendi kae aku lali. Jare apik banget ki, Nar."

Narta : "O, kuwi Sarangan. Pancen, apik tenan kuwi."

Hardi : "Kowe wis rana ping pira, Nar ?"

Narta : "Ya durung tau rana. Aku mung dicritani Tana. Dheweke tau rana karo adhi-adhine ndherek rama ibune. Liyane kuwi ngertiku saka nyanyian. Kae lho lagu Telaga Sarangan."

Hardi : "Tibake padha bae ta iki mau, padha dene durung weruh. Nek Tana dijak piye ya?"

Narta : "Mesthine gelem. Wong dhek emben aku ya wis rasanan. Malah dheweke tawa-tawa arep ngeterake."

Hardi : "Ya wis, malah kebeneran."

*B. Ukara-ukara iki lagokna kang trep karo surasane !*

1. a. Kana, muliha dhisik !

b. Aku dak mulih dhisik ya, Nar.

c. Kana, kana, muliha, gelis !

2. a. Adhimu pakpungana, Sri !

b. Sing resik lho, Sri, olehe makpungi adhimu !

c. Kopakpungana yen ora kokosoki ya ora resik no Sri.

3. a. Jangane santenana, Rus !

b. Sing kenthel lho Rus, olehmu nyanteni !

c. Kosantenana yen santen beningan percumah no Rus.

4. a. Pitike golekana, Las !

b. Sing tlaten lho olehmu nggoleki, sing nganti ketemu !

c. Kogolekana yeng-yengan mangsa ketemua, wong sajake dibedhog uwong.

**II. Maca titi**

*A. Wacanen sing titi !*

**Darmawisata dhateng Tlaga Sarangan**

Ing wanci libur lare-lare sekolah sami pados selingan. Perlu nipun supados boten tansah mutheg ing griya, ngiras nglelatih lantiping raos kaendahan. Kajawi punika saged mbuktekaken wucalan ingkang sampun nate dipun tampi.

Selinganing sinau punika warni-warni. Wonten ingkang sami damel prakarya, nglatih kaprigelan, damel blumbang ulam, saweneh wonten ingkang kepengin ngemataken kaendahaning alam.

Hardi, Narta tuwin Tana lare SMP klas kalih. Larenipun kendel-kendel, kekesahan ingkang cekap colik sami wantun. Namung, menawi mawi nyipeng, sanajan wantuna pisan tiyang sepuhipun dereng temtu manawi tega. Lare tiga sami sarembag badhe darmawisata dhateng Sarangan, malah sampun sami ang-sal palilah tiyang sepuhipun. Awit, Sala – Sarangan punika boten tebih, dados saged colik, pados tumpakan ugi gampil, prasasat saben menit wonten tumpakan sewan umum ingkang saged dumugi ing Sarangan, sanajan sambet-sambet.

Lare tiga punika ingkang sampun sumerep Sarangan pun Tana. Mila Tana dados pangajengipun. Saking Sala numpak bis Sala – Surabaya, mandhap Maospati, kitha alit sacelakipun Madiun. Saking Maospati santun tumpakan bis utawi taksi, jurusan Madiun–Magetan. Saking Magetan santun taksi ngantos dumugi ing Ngerong. Ing ngriku saged kendel sawatawis. Manawi badhe adus, ing Ngerong wonten papan padusan umum. Saking Ngerong santun taksi malih, minggah nglangkungi Tlaga Wurung, minggah malih, lajeng mandhap, minggah malih sampun dumugi ing Sarangan. Sesawangan ing ngriku nengsemaken sanget.

Lare tiga sami seneng-seneng, praon, numpak kapal, minggah pereng ingkang sinaput ing wana pinus, ngantos samaremipun.

#### *B. Wangsulana kang patitis abasa krama !*

1. Ing mangsa liburan bocah-bocah padha ngapa ?
2. Apa paedahe selinganing pasinaon ?
3. Hardi, Narta, lan Tana iku bocah ngendi ?
4. Ing mangsa liburan bocah telu iku padha darmawisata menyang ngendi ?
5. Genea sing dadi pengarep si Tana ?
6. Ing Sarangan bocah telu kuwi padha ngapa ?

### III. Kawruh basa

#### A. Tuladha :

Ing wanci libur lare-lare pados selingan, perlunipun supados boten tansah mutheg ing griya, lan ngiras nglelatih, lantiping raos kaendahan.

*Ukara-ukara iki isenana tembung dwi purwa kang cumawis ing sisih tengen !*

- |  |                         |
|--|-------------------------|
| 1. Tetiyang ing negari Medhangkamolan saweg linimput ing pepeteng, awit ratunipun ingkang . . . . . Prabu Dewatacengkar saben dinten mundhut cawisan dhahar dagingipun manungsa.           | a. neneka<br>b. jejuluk |
| 2. Rinten dalu tetiyang ing Medhangkamolan sami . . . . . dhateng ngarsanipun Pangeran Ingkang Murbeng Dumadi, mugi-mugi enggal linuwarna saking pacoben ageng menika.                     | c. nyenyuwun            |
| 3. Nalika samanten ing negari Medhangkamolan wonten Brahmana . . . . . , taksih jaka tur bagus rupinipun, limpad ing saliring kawruh.  | d. nggeguru             |
| 4. Brahmana wau . . . . . Sang Ajisaka   | e. peparab              |
| 5. Sang Ajisaka . . . . . ing dhusun Dhadhapan, jinunjung dados anak angkatipun mbok Randha Dhadhapan.   | f. dedunung             |
| 6. Mireng pawartos bab kawegiganipun Sang Brahmana, tetiyang ing negari Medhangkamolan kepengin sami ngadhep, kepengin . . . . .   | g. tetiyang             |
| 7. Mireng pawartos ambek angkara murka lan ambek daksiyanipun Prabu Dewatacengkar dhumateng kawulanipun, Ajisaka kepengin tetulung, lajeng . . . . . sarana kangge nyirnakaken Sang Prabu. | h. cecawis              |
| 8. Ajisaka marak ing ngarsanipun . . . . . ing negari Medhangkamolan, ngaturaken garen-  | i. Papatih              |

jeting manah anggenipun badhe masrahaken  
jiwa raganipun dhateng Sang Prabu minang-  
ka dhaharipun.

9. Sang Apatih boten nayogyani, awit boten  
ndungkap dhateng pikajengipun Ajisaka,  
bilih punika namung satunggaling gelar  
anggenipun badhe suka pitulungan dhateng  
..... ing Medhangkamolan.

*B. Tuladha :*

- a. Wania pisan, durung mesthi yen wong tuwane tega.  
b. Sanajan wani pisan, durung mesthi yen wong tuwamute-  
ga.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Selaka lairmu, batinmu mesthi ngakoni.
2. Sinaua yen kosambi geguyon ora-orane klebu.
3. Saguha yen janggelan ora bisa dijagakake.
4. Alaa yen pancen sanak aja pisan-pisan kotambuhi.
5. Trimaa wong tuwane, negara ora nrimakake, dadi prekarane  
mesthi diterusake.
6. Koentenana nganti cengklungen ora-orane dheweke teka.
7. Korewangana pati geni yen kowe ora gelem sinau, ora-ora-  
ne kowe lulus.
8. Dirabuka yen ora diwatun, ora-orane metune pari mundhak  
akeh.
9. Dituturana nganti kesel sing nuturi, ora-orane dheweke  
nggugu.
10. Kotutup-tutupana, wadimu wis ana ing tanganku.

*C. Ukara-ukara iki ganepana nganggo tembung-tembung kang  
cumawis ing sisih tengen !*

1. Ngajengaken liburan lare-lare sami . . . . . | a. ambe  
dhateng Diyeng. | darma

- |  |                 |
|--|-----------------|
| 2. Prabu Yudhisthira misuwur . . . . . sabar lan wicaksana.  | b. darmawisata  |
| 3. Kula sabrayat ngaturaken gencing panuwun dhumateng sadaya . . . . penjenengan.                        | c. sadermi      |
| 4. Agemanipun Sang Putri linolosan, lajeng, . . . . dhateng tetiyang ing padhusunan.                     | d. sih kadarman |
| 5. Kula punika namung . . . . . ngayahi kuwajiban.   | e. kadarmakaken |
| 6. Sawangsulipun . . . . . saking "Balai Benih Ikan" ing Magelang, lare-lare kadhawuhan damel palapuran. | f. budi darma   |
| 7. Wulangan . . . . . , lare-lare dipun dhawuhi nglempakaken sepet.                                      | g. pakaryan     |
| 8. Adegung pabrik punika suka . . . . . dhateng warganing dhusun ing sacelaking pabrik punika.           | h. karyawisarta |
| 9. Ancasing panggulawenthah punika ndhapuk warganing negari ajiwa Pancasila, pinter lan tegen. . . . .   | i. prakarya     |
| 10. . . . . bebukaning atur, keparenga kula ngambali ngaturaken sugeng dhumateng rawuh panjenengan.      | j. kinarya      |
|  | k. makarya      |
|  | l. tuna karya   |

*D. Ukara-ukara iki ganepana nganggo tembung kang cumawising sisih tengen !*

- |  |             |
|--|-------------|
| 1. Saka Cilacap menyang pulo Nusakambangan kuwi ngliwati . . . . . anakan.             | a. tlagane  |
| 2. Ing sakiwa tengene sungapaning kali banyune ngendhong dadi . . . . .                | b. segara   |
| 3. Ing ereng-erenging Gunung Lawu ana . . . . . ketiga rendheng banyune ora tau angok. | c. rawa     |
| 4. . . . . ing sangisoring wit bulu kuwi banyune agung lan bening.                     | d. belik    |
| 5. Ing mangsa ketiga wong-wong desa kono padha gawe . . . . . ing sapinggiring kali.   | e. sendhang |

- |  |                             |
|--|-----------------------------|
| 6. . . . . ing kali kuwi akeh iwake.   | f. blumbange                |
| 7. Lengkehing gunung-gunung kuwi dibendung dadi . . . . . jenenge wadhuk Gajahmungkur.                             | g. kedhung                  |
| 8. Racake wong-wong ing desa kono padha seneng ngingu iwak, mula saben kebon mesthi ana . . . . .                  | h. wadhuk                   |
| 9. Gawe peceren utawa telehing kakus iku aja pisan-pisan cedhak . . . . . mundhak banyune ora resik.               | i. umbul                    |
| 10. Banyu . . . . . kuwi disaring lan dijantoni banjur diilekake menyang kutha-kutha gedhe, jenenge banyu ledheng. | j. sumur<br>k. bendung - an |

*E. Tuladha :*

- a. Bocah telu kuwi, sing wis weruh Sarangan Tana.
- b. Tana didadekake pengarepe.
- c. Bocah telu kuwi sing wis weruh Sarangan Tana, mula Tana didadekake pengarepe.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. a. Tandurane kates diupakara tenan.  
b. Wohe mbiyet nganti ngemohi.  
c. . . . .
2. a. Pak Pringga kaliyan anggone nggulawenthah putrane setiti lan ngati-ati.  
b. Putrane kabeh padha dadi.  
c. . . . .
3. a. Gandhung tangine ajeg kawanen.  
b. Gandhung tekane ing sekolahan ajeg kasep.  
c. . . . .
4. a. Pitik kuwi pakane kopen.  
b. Awake lemu lan waras.  
c. . . . .
5. a. Marwan sinaune ajeg lan tlaten.  
b. Kawruhe jembar, ora kalah karo kanca-kancane.  
c. . . . .



## WULANGAN VI

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

### Wayang

- Tarman : "Wan, kowe wis tau nonton wayang ?"
- Wandi : "Wayang we thik durung, uwis bae, kerep aku no nek karo kowe."
- Tarman : "Ping pira kok kerep ki ?"
- Wandi : "Ora etungan, pendhak byar aku liwat, mesthi weruh."
- Tarman : "Eh, thik elok temen. Sing uwis-uwis nek nonton wayang aku apal critane. Coba aku critakna salakon bae !"
- Wandi : "Lho, nek lakone aku ora ngerti."
- Tarman : "Ya critane we nek ora ngerti lakone."
- Wandi : "Ora ana critane, wayang bae critane apa ?"
- Tarman : "Kok umuk, jare kerep nonton, nek ngono goroh kandhamu."
- Wandi : "E, mbok sumpah ta, aku kerep nonton wayang, wong tanggaku ki tukang gawe wayang. Ora mung nonton, nyat aku nunggoni olehe gawe, natah, mrada nganti sadadine. Kok koarani umuk ki piye."
- Tarman : "Ha. ha, ha, ha, ha. Lagi dhong aku. Dadi genahe sisip ta iki mau."
- Wandi : "Sisip piye ta. Yen ora ngandel kapan longgarmu dakejak rana."
- Tarman : "Wong karepku ki nonton wayang sing lagi dilakokake dhalang, kok."
- Wandi : "O, Tar, Tar. Kuwi ta karepmu. Mati-matia ki dakkira rak wujud wayang. Nek lakon wayang wah, trima embek aku. Malah aku critanana !"

Tarman : "Wah, Wan, Wan. Nganti gemrobyos aku ngrasakake kowe. Ya wis yen trima saelingku, mengko dakcritani lakon Bale Sigala-gala. Yaiku : Omah (isi) gala-gala utawa bangsane obat mesiu. Pandhawa ana jero omah kuwi banjur diobong para Kurawa."

### *B. Wacanen, kaya lagune dhalang !*

Rame nggenira bandawalapati, Wasi Jaladara mengsah Sang Prabu Kurandhageni. Wasi Jaladara kalindhah yudane, kenging kapikut den wasuh sigra inguntal. Wus prapteng pranajane Raden Jaladara, asta kekalih wus prapta telakira Kurandhageni. Nalika samono Anom Wasi Jaladara emut katitipan senjata nenggala ing astanira, padha sanalika denpusus mijil kang sanjata nenggala jumlegur swarane. Padha sanalika kepyar mustakane prabu Kurandhageni, tan kinukup kuwandhane. Kari gembung ambruk ndhepani bantala.

## **II. Maca titi**

### *A. Wacanen sing titi !*

#### **Lampahan Bale Sigala-gala**

Tiyang Jawi punika dhateng kagunan ringgit sampun nyakot sanget. Ingkang gadhah radhio saben malem Minggu temtu nyetel radhionipun, madosi siaran ringgit.

Ugi ing pasamuhan asring dipun setelaken cariyos paringgitan, sanajan namung mendhet saperangan, upaminipun perangan gara-gara.

Kagunan ringgit mekaten gesangipun sampun pinten-pinten abad dangunipun. Malah saking tuwuhipun punika saya dangu saya ngrembaka, kala mangsanipun kembang lampahan lajeng beda-beda sanajan lajeripun sami. Upaminipun lampahan Bale Sigala-gala, punika lampahan enggal saking babon kina : Wana Parwa.

Kanthe daya anggit enggal tuwuh lampahan Bale Sigala-gala punika. Moncering para dhalang mekaten beda-beda. Mila sanajan sami-sami mendhet saking babon Wana Parwa, cariyos Bale Sigala-gala punika wonten pinten-pinten warni.

Lampahan Bale Sigala-gala ingkang taksih gampil kajejeraken kaliyan babon Wana Parwa punika makaten :

Gampiling cariyos, kala samanten Pandhawa taksih alit, kati-lar seda ingkang rama, Prabu Pandhu ing Astina.

Rehning kawontenanipun taksih lambat, mila Pandhawa dereng wanci nyepeng pusaraning praja. Kraton lajeng kapasrahaken dhateng ingkang uwa, ingkang awasta Prabu Drestarata. Suwau kanthe kasagahan. bilih samangsa Pandhawa sampun sami diwasa, kraton badhe kapasrahaken wangsul dhateng para Pandhawa.

Nanging, wonten ungel-ungelan : Ngemut legining gula. Liripun, sareng sampun ngraosaken sekecanipun nyepeng panguwaosing negari, para Kurawa, inggih punika anakipun Prabu Drestarata, rumaos eman utawi owel ngeculaken negari Astina. Malah daksiyanipun dhateng para Pandhawa kelangkung-langkung. Wongsal-wangsul Pandhawa dipun arah pejahipun sarana alus. Kalebet lampahan Bale Sigala-gala punika nggambaraken trekahipun Kurawa, kanthe apus krama ngarah pejahipun Pandhawa kanthe kaobong ing salebetipun griya ingkang pancen sampun kacawisaken kangge nyidra para Pandhawa.

Ewadene, pejah gesang punika saestu wonten ing astaning Pangeran. Pandhawa, ingkang miturut nalar temtu sirna dados awu, nanging nyatanipun wilujeng nir ing sambekala.

### *B. Wangsulana kang patitis abasa krama !*

1. Kepriye tumanggape kalangan Jawa marang kagunan wayang ?
2. Saben lakon wayang apa mesthi padha ? Apa sababe ?
3. Apa sababe Kurawa tansah ngarah patine Pandhawa ?
4. Lakon Bale Sigala-gala iku ringkese kepriye ?
5. Watake Kurawa iku priye mungguh panemumu ?

③ badhe nguwani negara Astina.

### III. Kawruh basa

#### A. Tuladha :

- a. Tiyang Jawi punika dhateng kagunan ringgit sampun nyakot sanget.
- b. Tiyang Jawi punika dhateng kagunan ringgit karem sanget.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Ing pasamuhan-pasamuhan asring sanget dipun setel cariyos paringgitan.
2. Kagunan ringgit punika gesangipun sampun pinten-pinten abad dangunipun.
3. Kala mangsa kembanging lampahan lajeng beda-beda, sanajan lajeripun sami.
4. Rehning taksih lambat, Pandhawa dereng wanci nyepeng pusaraning praja.
5. Kraton lajeng kapasrahaken dhateng ingkang Uwa, awasta Prabu Drestarata.
6. Daksiyanipun dhateng Pandhawa kelangkung-langkung.
7. Wongsal-wangsul Pandhawa dipun arah pejahipun sarana alus.
8. Lampahan Bale Sigala-gala punika nggambaraken trekahipun Kurawa anggenipun badhe ngarah pejahipun Pandhawa.
9. Pandhawa, ingkang manut nalar temtu pejah dados awu, nyatanipun wilujeng nir sambekala.

#### B. Isenana nganggo tembung kang cumawis ing-sisih tengen !

- |  |                |
|--|----------------|
| 1. Ki Ageng Mangir kena ing .....<br>bebarengan lan ingkang garwa Raden Ayu Pambayun marak ing ngarsa dalem Panembahan Senapati. | a. krama       |
| 2. Gawe karangan cekak aos nganggo basa ..... bab praktikele wong ngingu iwak.   | b. apus krama. |
| 3. Raden Gathutkaca kepeksa ..... marang ingkang uwa Prabu Baladewa.   | c. tata krama  |

- |  |                  |
|--|------------------|
| 4. Wiwit cilik, bocah kudu wis dikulinakake ngerti ing .....                   | d. nungkak krama |
| 5. Sikile sing kiwa . . . . . , mula lakune semper.                            | e. krama inggil  |
| 6. Aja pisan-pisan tetembungan .....   | f. pring apus    |
| katumrapake marang awake dhewe.  |                  |
| 7. Ngethoka . . . . . , enom tuwane tanggung bae wong arep dakenggo gawe tali. | g. apus          |
|  | h. apus buntut   |
| 8. Jarane diabah-abahi, .....  | i. apus gulu     |
| lan .....  | j. apus-apus     |
| dipasang kabeh.  |                  |

C. Ukara-ukara iki wacanen kang titi sarta setitekna tegese bebasan-bebasan kang dicap *miring!*  
*kandel*

1. Ana unen-unen "ngemut legining gula," tegese bareng wis ngrasakake kepenake wong nyekel panguwasaning negara, Kurawa banjur owel masrahake negara Astina marang Pandhawa.
2. Ana tetembungan "palang mangan tandur," pinracaya nja-ga keslametan nanging malah ngganggu gawe.
3. Kuwi jenenge "kriwikan dadi grojogan," lire prakara se-pele ora bisa mendha malah saya ndadra.
4. Iki jenenge "keduwung nguntal wedhung," arep diterusake rekasa, ora diterusake sengsara. *Mundur ajur, malaru tatu*
5. Anggonku nuturi bebasan "lambe satumang kari samerang," nganti kesel anggonku nuturi nanging babar pisan ora dipaelu.
6. Kuwi jenenge "sedhakep ngawe-awe," ketoke ora ngerti apa-apa sejatine tuduh-tuduh/ *ndhodhok ngawung-aeung*
7. Kowe kuwi dhemenmu "legan golek momongan," wis penak-penak nganggur kathik ndadak soroh bau.
8. Wong urip kuwi sabisa-bisa "opor bebek mentas awake dhewek," lire bisa mentas saka kringete dhewe, ora nja-gakake pitulunging liyan.

*D. Kurawa owel ngulungaken negari Astina, malah daksiyanipun dhateng Pandhawa kelangkung-langkung.*

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Rahmad boten purun kula emutaken, malah .....
2. Hardi boten purun wangsul dhateng dhusun, malah .....
3. Sakitipun saya sanget, malah .....
4. Kula dereng saged mulyakaken tiyang sepuh kula, malah ..
5. Tiyang sepuhipun boten menggak, malah .....
6. Sampun dangu kula boten sowan embah, malah .....
7. Kula dereng tepang putranipun pak mantri, malah .....
8. Pawitanipun telas, malah .....

*E. Tuladha :*

Prabu Pandhu punika ratu ing negari Astina.

*Terangna kaya tuladha ing dhuwur !*

- |                      |                        |
|----------------------|------------------------|
| 1. Prabu Yudhistira. | 6. Prabu Matsyapati.   |
| 2. Prabu Kresna.     | 7. Prabu Suyudana.     |
| 3. Prabu Baladewa.   | 8. Prabu Rama.         |
| 4. Prabu Salya.      | 9. Prabu Harjunasasra. |
| 5. Prabu Drupada.    | 10. Prabu Rahwana.     |

**IV. Wacanen !**

1. Wajik klethik gula jawa  
Luwih becik sing prasaja.
2. Ngasah arit nganti landhep  
Dadi murid kudu sregep.
3. Tawon madu ngisep sekar  
Dadi guru kudu sabar.
4. Kembang aren sumebar tepining kalen  
Aja dahwen yen kowe kepengin kajen.
5. Kembang kencur ganda sedhep sandhing sumur  
Kudu jujur yen kowe kepengin luhur.





## WULANGAN VII

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

### Kerja Bakti / Gugur gunung

- Bapak : "Le, kowe sesuk makilana Bapak, ya !"
- Sumadya : "Punapa wonten undhangan pista, Pak, kok dhawuh makili ?"
- Bapak : "Kowe ki senengane pista. Angger didhawuhi makili, terus mak ceg, nyang nggon pista."
- Sumadya : "Boten ta, Pak, tiyang ingkang sampun ngaten. Menawi kula kadhawuhan punapa kemawon uger kula saged temtu sendika."
- Bapak : "Bagus, Le, nek ngono. Dina Minggu sesuk Bapak arep tindak karo Ibu. Kowe lan adhi-adhimu padha tunggwa omah. Ning kok ana rukun kampung ajak-ajak gugur gunung."
- Sumadya : "O, ngaten, Pak. Gek redi pundi ingkang badhe dipun jugrugaken punika. Sajakipun badhe kangge ngurug margi lan lapangan punapa ?"
- Bapak : "Lha, lha rak ora dhong kowe ki. Durung durung kowe mengko terus mangkat njugrug gunung, harak sida ora karu-karuan."
- Sumadya : "Kula kok boten mudheng ta, Pak. Menawi boten pareng bidhal njugrug redi lajeng ndadak ngentosi dhawuh punapa malih ?"
- Bapak : "Sik ta sik, gugur gunung kuwi tembunge embah-embah biyen. Saiki jenenge kerja bakti. Rak dhong ta, Le ?"
- Sumadya : "Wah, tujunipun Bapak lajeng paring katrangan. Upami boten kula rak lajeng kewirangan saestu."
- Bapak : "Ya mung gemrobysos dhewe. Nek kewirangane ki ya ora, pol-pole digeguyu uwong."

- Sumadya : "Lajeng ingkang dipun garap mangke punapa, Pak?"
- Bapak : "Yen sing kanggo pekarangane dhewe ya resik-resik, ndadani pager, nglabur tembok lan sapiturute."
- Sumadya : "Punapa ugi damel gapura lan pasren sanesipun, Pak?"
- Bapak. : "Takkira iya. Ning coba matura pak RK kana, wong iki arep mahargya dina Proklamasi Kamardikan. Mengko rak ana bab-bab liyane maneh."
- Sumadya : "Inggih, Pak, cobu kula sowan pak RK."
- Bapak : "Iya, iya, kana, kareben gamblang."

### B. Wacanen kang patitis !

1. Yen <sup>kowe</sup> sira dadi gawe, bisaa ana walese.  
Aja kaya kemladheyan, dhemene mung : ngemladheyan.  
Sidane ngajak sempal.
2. Uler mung prelu mangan, enthung mung prelu turu.  
Uler dudu, enthung dudu. Nyambut gawe kabisanku.
3. <sup>sihne</sup> Dhemenana atetlung,  
nanging poma, aja anjagakake pitulungan.

(Suhawi)

## II. Maca titi

### A. Wacanen batin !

#### Kerja Bakti

Ngajengaken tanggal 17 Agustus, bangsa Indonesia sami ngawontenaken ada-ada kerja bakti, utawi kinanipun kawastanan gugur gunung.

Estonipun gugur gunung mekaten wiwit kina makina engga

samangke tansah sami dipun cakaken. Sadaya punika tuwuh saking raos pasedherekan ing salebetipun gesang bebrayan.

Yektosipun, tiyang punika boten badhe saged gesang piyambak, liripun tanpa sesambetan kaliyan tiyang sanes.

Pramila, ada-ada kerja bakti punika sampun ngantos wonten raos peksan. Wontenipun kedah sarwa lila legawa, kados nandangi ayahanipun piyambak.

Rehning tiyang nyambut damel punika wonten sayahipun, wonten ugi ingkang menggali jampining sayah lan salit, boten ketang wedang sacegukan, tetedhan sacakotan, kenginga kangge tamba celik, ngirangi sayah sawatawis. Bab punika ugi kedah tuwuh saking manah lila, boten karena dipun prentah, punapa malih ndadak mawi peksan.

Wondene tumrap tiyang ingkang baunipun boten kecongah, punapa malih kawontenanipun ugi saweg compreg, mesthinipun sanajan namung awujud eguh pratikel, inggih saged tumut cawe-cawe, suka wawasan kados pundi amrih prayoginipun.

Dene ingkang saweg nandhang karibetan saestu inggih boten dados punapa, awit sedaya tiyang punika boten ketang sepinten temtu sami nate nandhang reribed, dados boten badhe maiben.

Dados bakenipun kerja bakti utawi gugur gunung punika adhedhasar raos pirukunan ing madyaning bebrayan agung, menapa dene malih ayahan ingkang dipun ayahi menika karaos kadosdene bebahanipun piyambak.

### *B. Wangsulana kang patitis abasa krama !*

1. Dhek biyen kerja bakti iku jenenge apa ?
2. Kepriye tekade wong-wong kang arep padha budhal kerja bakti ?
3. Wong sing wis jempo apa iya melu kerja bakti ?
4. Kerja bakti iku klebu cak-cakane sila kang kaping pira ?
5. Lumrahe kapan dianakake ada-ada kerja bakti iku ?

### III. Kawruh basa

#### A. Tuladha :

Kerja bakti punika kedah dipun lambari raos lila legawa,  
kados nandangi ayahanipun piyambak.

*Ukara-ukara ing ngisor iki ganepana nganggo tembung saroja kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                      |
|---|----------------------|
| 1. Manungsa kaparingan . . . . . kangge sanguning gesangipun.   | a. watak wan tunipun |
| 2. Raden Rangga, putra Panembahan Senapati ing Mataram, satriya . . . . . sekti mandraguna.   | b. akal budi         |
| 3. Kuciwa . . . . . Raden Rangga kepara brangasan kasektenipun boten dipun cakaken ing samesthinipun.   | c. gagah prakosa     |
| 4. Panyuwunipun tiyang sepuh punika mugimugi gesangipun anakipun . . . . . nir ing sambekala.   | d. terang trawaca    |
| 5. Sampun . . . . . sedaya dhawuhipun Sang Nata, rekayana Patih lajeng madal pasilan.   | e. mukti wibawa      |
| 6. Kagunan ringgit punika kagunan ingkang . . . . .   | f. papa cintraka     |
| 7. Cariyos punika kasaringa pathi sarinipun lajeng kadadosna . . . . .  | g. adi luhung        |
| 8. Prabu Nala lan ingkang garwa Dewi Damayanti nandhang . . . . . , kasurang-surang ing samadyaning wana, awit saking anggenipun kasengsem kesukan main dhadhu. | h. tepa palupi       |
| 9. Dosanipun . . . . . , bebasan "digendhong diindhit," ewadene taksih saged nglepataken tiyang sanes . . . . .   | i. kongas ngambar    |
| 10. Lelabetanipun suwargi Ibu Kartini . . . . . cinandhi wonten ing sanubarinipun bangsa Indonesia.   | j. tumpuk undhung    |
|   | k. daya kekiyatan    |

B. Tuladha :

Tiyang sadhusun sami gugur gunung ngleresaken tanggul ingkang bobol.

*kerja bakti*

*Ukara-ukara ing ngisor iki ganepana nganggo tembung utawa unen-unen kang cumawis ing sisih tengen !*

*Klebu tembung blenderan .*

- |   |                                     |
|---|-------------------------------------|
| 1. Gambar punika . . . . . , saking katebihan sae, sareng dipun celaki jebul awon.  | a. dieletana - segara gunung sapitu |
| 2. Brayat kula saweg . . . . . mentas kemawon kesripahan lajeng kepan-dungan.   | b. sri gunung                       |
| 3. . . . . menawi pancen tinakdir dados johonipun temtu kepanggih.  | c. kejugrangan gunung               |
| 4. Punika namanipun . . . . . , inggih punika njangka prakawis nglengkara, temtu kemawon tangeh kecepengipun, cepak lepatipun                     | d. ngontrak - ake gunung            |
| 5. Menawi pinuju . . . . . sampun pisan-pisan keladuk seneng, awit beja cilaka punika tansah gilir gumanti dados sandhanganipun sadhengah tiyang. | e. ketepang ngrangsang gunung       |
| 6. Pambalelanipun Ki Ageng Mangir dhateng Mataram punika boten pisan-pisan . . . . .  | f. kerubuhan gunung menyan          |
| 7. Sesupe kula punika awangun . . . . . mripatipun ingkang tengah kaapit ing inten ingkang sami agengipun.  | g. bathuk gunung                    |
| 8. Bathukipun adhi kula awangun . . . . .   | h. gunung sapikul                   |
| . . . . .   | i. gugur gunung                     |

C. Tuladha :

Ngajengaken tanggal 17 Agustus tiyang-tiyang sami ada - ada ngawontenaken kerja bakti.

*Ukara-ukara iki ganepana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                         |
|---|-------------------------|
| 1. Lare-lare pasinaonipun ketingal saya . . . . .   | a. majeng               |
| 2. Putranipun ingkang . . . . . , jebul mak bedhengus dhateng.  | b. dipun<br>ajeng-ajeng |
| 3. Riyadi kapilih kanca-kancanipun dados . .  | c. pangajeng            |
| 4. Griya kula . . . . . kaliyan griyanipun, pak Harjo.  | d. ajeng<br>ajengan     |
| 5. Darmi punika menawi . . . . . sae, grapyak lan semanak, nanging menawi mengker lajeng ngraosi lan ngawon-awon. | e. dipun<br>ajengi      |
| 6. Anggen kula nawekaken . . . . . boten mawi dipun awis rumiyin.   | f. aben ajeng           |
| 7. Ing . . . . . griya dipun tanemi kemuning lan bogenvil.  | g. kekajeng -<br>an     |
| 8. Adhi kula punika lare wangkal, menawi gadhah . . . . . boten nate kenging dipun eluk.                          | h. sangajeng-<br>ipun   |
|   | i. ngajeng -<br>aken    |

*D. Tuladha :*

Wondene tumrap tiyang ingkang boten kecongah baunipun inggih saged cawe-cawe urun rembag kados pundi amrih prayoginipun. *Wondene diarani tembung panggandheng / pang*  
*Ukara-ukara iki wenehana tembung panggandheng kang ket*  
*cumawis ing sisih tengen, kaya tuladha ing dhuwur kuwi !*

- |  |            |
|--|------------|
| 1. Lare kalih ingkang sami lungguhan wonten ing sangandhaping wit sawo punika, ingkang satunggal Lusi, . . . . . satunggalipun pun Tuning. | a. amargi  |
| 2. Dhusun punika dipun wastani dhusun Jagabayan, . . . . . ing kinanipun ingkang cikal bakal nama Ki Jagabaya.                             | b. wondene |
| 3. Kula boten saged tumut darmawisata . . . . . nengga ibu gerah wonten griya sakit.   | c. dene    |
|  | d. ewadene |

- |   |            |
|---|------------|
| 4. . . . . panjenengan kula suwun rawuh, ba-  | e. utawi   |
| dhe kula suwun ngrencangi mrenah-mrenah-      | f. mila    |
| aken anggen kula dandos-dandos.               |            |
| 5. Rusmin sampun asring sanget dipun duka-    | g. nanging |
| ni, . . . . . boten mantun-mantun kesedipun.  |            |
| 6. Sugih . . . . . miskin ingatasipun Ingkang | h. dening  |
| Maha Kuwaos sami kemawon.                     |            |
| 7. Griyanipun kabesmen, . . . . kirang panga- | i. awit    |
| tos-atosipun.                                 |            |
| 8. Sang putri ical gandanipun amis, . . . . . | j. sabab   |
| saking kasektenipun Sang Begawan.             |            |
| 9. Griyanipun Sumi celak sekolahan, . . . . . |            |
| saben dinten temtu kasep.                     |            |

*E. Tuladha :*

Ngajengaken tanggal 17 Agustus bangsa Indonesia ngawontenaken ada-ada kerja bakti.

*Udhalan :*

- |                                |                             |
|--------------------------------|-----------------------------|
| bangsa Indonesia               | : jejer                     |
| ngawontenaken                  | : wasesa                    |
| ada-ada kerja bakti            | : lesan                     |
| Ngajengaken tanggal 17 Agustus | : katrangan wekdal / mangsa |

*Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Ngajengaken serap surya kula sakanca sampun dumugi  
ing pasarean Tembayat. <sup>K wekdal</sup> <sup>W</sup> <sup>K panggonan</sup>
2. Ngajengaken sembahyang luhur pak Kabul sampun medal  
wana trataban punika. <sup>K wekdal</sup> <sup>W</sup>
3. Bakda sembahyang led kula lajeng sowan embah dhateng  
Tamansari.
4. Bakda sembahyang magrib lare-lare ngapilaken puji-pujian  
wonten ing langgar. Bakda = bubar
5. Nengah-nengahi mangsa rendheng lepen-lepen sami banjir.

Ngajengake sembahyang luhur pak Kabul sampun medal  
<sup>KW</sup> <sup>W</sup> <sup>Mbs-2-63</sup>  
saking wang trataban punika  
<sup>K panggonan</sup>

IV. Ngarang

Gawea karangan cekak aos abasa krama, miliha irah-irahan ing ngisor iki salah siji !

1. Gugur Gunung Damel Sumur Umum
2. Tumut Sambatan Ngedegaken Griya
3. Rondha

V. Maca lan nulis aksara Jawa

Wacanen, turunen, banjur tembangna !

ꦢꦸꦫꦩꦤ꧀ || Durma.

ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀  
 ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀  
 ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀  
 ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀  
 ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀  
 ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀ ꦠꦸꦫꦩꦤ꧀

Watakt galak.

1. Ngatao alao ubaling bahni mardika. 12 @
2. Sumuhdhul ing wiyati. 7 @
3. Lebur kang katrayang. 6 @
4. Braja sakiba papalang. 7 @
5. Piyala singa kabehni. 8 @
6. mung kautaman. 4 @
7. Kakalis Jening geni. 7 @

Gatrane ana: 7.  
 12-7-6-7-8-5-7.  
 diarani guru wil.  
 aiaaiai diarani:  
 dhong-dhing/guru/...

## WULANGAN VIII

### I. A. Pacelathon

Tindakna !

#### Ulem

- Marsudi : "Mbah, badhe nyuwun priksa punapa kepareng?"
- Simbah : "Apa ta, Mar, kok kadingaren."
- Marsudi : "Anu, Mbah, kula kala wau dipun dangu pak guru bab serat ulem."
- Simbah : "Gurumu kok ndangu apa ora priksa. Ya mokal no yen ora priksa bab kuwi."
- Marsudi : "Inggih temtu priksa, Mbah. Anggenipun ndangu punika boten mundhut priksa, nanging sipati-pun maringi pitakenan supados murid-murid gamblang bab punika."
- Simbah : "Yen ngono kebeneran ta Mar, yen kowe ora ngerti kari nyuwun priksa, nyuwun diterangake Rak mayar ta, ngono we thik bingung ndadak nyuwun priksa Simbah barang."
- Marsudi : "Kesinggihan Mbah, ngendikanipun Embah punika. Nanging pak guru malah dhawuh supados lare-lare nyuwun priksa embah utawi bapakipun."
- Simbah : "O, yen ngono wis dhong aku saiki. Kersane pak gurumu kuwi pikiranmu ben urip, ben golek akal dhewe dhisik, ora terus didulang bae, mundhak mati pikirane."
- Marsudi : "Mbok menawi pancen makaten Mbah, nyatanipun ingkang sampun-sampun kok inggih leres ngendikanipun Embah punika."
- Simbah : "Bab layang ulem kuwi jan-jane pancen kikrik, Le. Amarga sipate ki ngaturi rawuh priyayi, mula kudu nganggo unggah-ungguh kang trep."

Yen ora, bisa uga tamu sing diaturi ora ana sing rawuh, amarga kacenthok tembung sing kurang mapan."

Marsudi : "Mila punika, Mbah, kula rumaos tlondho sanget babagan punika."

Simbah : "Bab unggah-ungguh kuwi nyuwuna priksa gurumu. Mung bab sing kudu kosebutake bae takkandani."

Marsudi : "Inggih, Mbah, mangke kula nyuwun priksa pak guru."

Simbah : "Siji : duwe gawe apa.

Loro : titimangsane suk kapan.

Telu : jam pira.

Papat : manggone ana ngendi.

Lima : jenenge sing ngaturi.

Nenem : asmane sing diaturi.

Pitu : jenenge sing among tamu.

Wolu : bab anggone ngaturi wuninga lan bab anggone nyuwun dirawuhi, tetembungane sing anoraga."

Marsudi : "Wah, kok inggih angel inggih, Mbah.

Punapa kepareng kula nyuwun contonipun."

Simbah : "Pancen ora gampang. Mengko takwenehi contone."

Marsudi : "Inggih, Mbah, sanget nuwun."

### *B. Wacanen !*

1. Wah, kok angel inggih, Mbah.

2. Hlo, wis adus resik-resik kok dolanan wedhi.

3. Ehlo dadi Suta kae wis mati.

4. Lah, wis ketemu saiki pemesku.

5. Hla, rak keperang tenan. Mau dakelikake dolanan la-ding ora nggugu.

6. Layak, digething kancane. Wong pancen bocah srei.

7. Adhuh, kecakot ilatku.

8. Ah, mangsa anaa sing percaya marang gunemmu kuwi.

10. Wo, weruha yen mengkono aku emoh.
11. Walah biyung, tumane entep-entepan.
12. Astaga, rusak kabeh tanduranku ana kebo berik mau.

## II. Maca titi

### A. Wacanen kang titi !

1. Alamating layang. Katulis ana ing amploping layang.

<p>Sasrawijaya Pandanwangi, Kedhungagung Pacitan</p>	<p>Serat Mugi Katur ing Panjenengan ipun Bapak/Ibu Pujasaraya Kepala SMP "Bakti Mulia" ing Sawojajar, Kebonagung, Pacitan</p>
--	---

2. Wujud lan isine layang ulem. Ditulis lan dilebokake ing jeron amplop.

### Wilujengan Ruwatan

Nuwun wiyosipun, lumantar serat punika kula ngaturi priksa bokbilih kepareng ing Gusti Ingkang Murbeng Kuwaos, benjing dhawah ing :

Ari — titimangsa : Akad Wage, 21 Ruwah 1909  
utawi dhawah ing  
Minggu, 7 Agustus 1977  
Jam : 10.00 (Jam 10 enjing),

kula gadhah khajat ngruwat anak kula pun :

1. Ariningsih
2. Prasetyadi
3. Candraningrum  
(Pancuran Kapit Sendhang),

wonten ing dalemipun Bapak Mardiraharja, Lurah Dhusun Kalurahan Dadi Reja, Kecamatan Dana Harja. Bokbilih dhang an ing panggalih tuwin sepen ing pambengan, kula suwun rawuh penjenengan sekalian, perlu maringi idi pangestu dhumateng anak-anak kula kasebut.

Kedungagung surya kaping  
1-8-1977

Nderek ngajeng-ajeng,

Atur taklim kula kekalih,

Mardiraharja.

Sasrawijaya.

*B. Wangsulana kang patitis !*

1. Layang iku saka sapa marang sapa ?
2. Duwe gawe apa kang ulem-ulem kuwi ?
3. Besuk kapan anggone duwe gawe ?
4. Anggone duwe gawe ana omah dhewe apa ana ing ngendi ?
5. Gawe layang ulem iku apike ditulis tangan apa cap-capan ?

*III. Kawruh basa*

*A. Tuladha :*

Anak tiga penengahipun jaler dipun wastani **pancuran kapit sendhang**.

*Ukara-ukara iki rampungna nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |  |
|---|--|
| <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Anak tiga panengahipun estri, dipun wastani .....</li> <li>2. Anak namung satunggal, dipun wastani ...</li> <li>3. Anak kalih jaler sadaya, dipun wastani ...<br/>.....</li> <li>4. Anak kalih estri sadaya, dipun wastani ...</li> <li>5. Anak kalih jaler sadaya, dipun wastani ....</li> <li>6. Anak gangsal jaler sadaya, dipun wastani ..</li> </ol> | <ol style="list-style-type: none"> <li>a. uger-uger lawang</li> <li>b. sendhang kapit pancuran</li> <li>c. ontang anting</li> <li>d. pandhawa</li> </ol> |
|---|--|

7. Anak kalih pakulitanipun beda, dipun wastani . . . . .	e. kembang sepasang
8. Lare lairipun nyarengi pletheking surya, dipun wastani . . . . .	f. kedhana kedhini
9. Lare lairipun ing wanci tengahing dinten, dipun wastani . . . . .	g. julung sungsang
10. Lare lairipun ngajengaken serap surya, dipun wastani . . . . .	h. gondhang kasih
11. Lare lairipun nyarengi serap surya, dipun wastani . . . . .	i. julung kembang
12. Anak kalih lairipun sareng, jaler sadaya utawi estri sadaya, dipun wastani . . . . .	j. julung caplok
13. Anak kalih jaler estri lair sareng, dipun wastani . . . . .	k. julung 'srap
	l. kembar
	m. dhampit
	n. pandhawi

**B. Tuladha.:**

Atur taklim kula kekalih : Sasrawijaya.

"Taklim" iku asale saka basa Arab, tegese "kanthi urmat."

*Tembung-tembung kang cap-capane miring ing ngisor iki tegesana kaya tuladha ing dhuwur, nganggo basa krama !*

1. Tedha ingkang **mumpangati** punika tedha ingkang kathah jasatipun ingkang maedahi dhateng badan.
2. Kathah cariyos ingkang ngandharaken **mukjijatipun** para Nabi.
3. Tiyang **musrik** badhe nampi wewalaking Pangeran.
4. Kunir apu punika **mustajab** sanget kangge sakit mules.
5. Kyai Imam Bastari wantar sanget **ngibadahipun**.
6. Kala jaman sugengipun Kanjeng Nabi Muhammad sampun kathah tiyang **kafir**- bangsa Arab ingkang lajeng ngrasuk agami Islam.
7. Panyuwunipun tiyang sepuh, mugi-mugi ing tembe wingking

- putranipun dadosa tiyang ingkang saleh.
8. Sawenehing piwulang nyariyosaken, bilih mengsahipun setan punika tiyang sabar.
  9. Mugi-mugi ngamalipun suwargi katampi ing ngarsaning Pangeran Inkang Maha Agung.
  10. Menawi sepen ing tangadur benjing ing wulan ngajeng punika kula sabrayat badhe sowan budhe dhateng Malang.

*C. Titik-titik ing ukara-ukara ngisor iki isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                 |
|---|-----------------|
| 1. Adhiku nangis nyuwun dipundhutake . . .  | a. anak-anak    |
| 2. Anggone mbalekake dhuwit ndadak nganggo dikantheni . . . . .   | b. anak-anak-an |
| 3. Yu Lastri wis . . . . . , nanging solah tingkahe isih ajeg mbocahi.  | c. anakan       |
| 4. Musa dipek . . . . . paklike.  | d. anak bojo    |
| 5. Anusapati iku . . . . . Ken Arok.  | e. anak angkat  |
| 6. Olehe nyambut gawe adus kringet kuwi ora liya kejaba mung kanggo nyukupi butuhe . . . . .                  | f. anak kwalone |
| 7. Anggone napakake . . . . . kepareng ing Pangeran, nyatane turun-turune kabeh padha mulya uripe.            | g. dianakake    |
| 8. Kuwi jenenge " . . . . . molah bapa kepradhah," lire wong tuwa nemahi reribed jalaran saka kelakuane anak. | h. anak putune  |
| 9. Dhuwite ora . . . . . , nanging dititipake ana ing kantor bank.  | i. anak         |
|   | j. nganaki      |

*D. Tuladha :*

Yen unggah-ungguhe kurang trep, bisa uga tamu sing diaturi ora ana sing rawuh.

*Ukara-ukara ngisor iki rampungna kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Yen sinaumu ora kosrempeng, bisa uga . . . . .
2. Yen seminggu engkas isih durung ana udan, bisa uga . . . . .





## WULANGAN IX

J. A. Pacelathon

Tindakna !

### Sayembara Tembang Macapat

- Edi : "Mar, kowe ki ngapa kok loap-laop, apa kurang gawean ? Ayo nonton ben !"
- Marma : "Ora nonton ben, Ed, wong aku lagi nyrempeng latihan kok."
- Edi : "Mula ta, mepenge nganti kaya tip bae. Ayo nek gelem nonton ben, aku sing mbayari."
- Marma : "Matur nuwun, Ed, ana ben sing kondhang ya kareben, aku trima ana ngomah dhisik, wong aku lagi arep melu perlombaan kok."
- Edi : "Wah, wah, dhek kapan kowe sinau, ujug-ujug arep melu perlombaan ben kuwi. Kowe mengko rak oleh nomer nol."
- Marma : "Dudu lomba ben kok. Aku arep melu lomba pop singer."
- Edi : "Swaramu ki apik ta ? Ning ya sokur yen kancaku menang. Mesthine jenenge terus kondhang, kaya . . . . . Jajal nyanyia, takbijine !"
- Marma : "Wah, wah, Ed, Ed, kemakimu kok ora entek-entek. Karodene aku ki ora arep melu lomba nyanyi. Iki pop singer Jawa. Aliyas, lomba nyanyi tembang macapat."
- Edi : "Ha, ha, ha, ha, ha. Mudheng aku saiki. Dadi anggonmu loap-laop kuwi mau latihan nembang, ta. Sorry ya, Mar. Yen ngono tutugna, aku dak nonton dhewe."
- Marma : "Mengko dhisik ta. Mbok lungguh-lungguh ke - ne dhisik. Mengko dakkancani ta wis, angger gelem rada wengen-wengen."

- Edi : "Ya, ta. Ning aku wurukana ya. Tembang macapat piye."
- Marma : "Wong aku ki ya durung pinter kok. iki mau aku lagi ajar, lagi arep ngapalke."
- Edi : "Lha iya, aku ya seneng. Malah yen oleh, aku dak melu ndhaftarke."
- Marma : "Tenan pa piye. Nek tenan takterke, wong durung telat kok."
- Edi : "Aku babar pisan durung ngerti ki. Ning jan-jane seneng banget."
- Marma : "Aku ya mung gaco seneng lan karep kok, Ed. Witikna sapa sing gelem nguri-uri, yen ora awake dhewe. Yen nganti cures rak eman-eman."
- Edi : "Tenan ya, Mar. Aku wurukana, yen latihan bareng."
- Marmo : "Iya, iya, aja kuwatir."

#### *B. Wacanen !*

1. Ah, wis awan, ayo padha mulih !
2. Ayo, ta, padha mbayar saiki bae !
3. Ah, meh ujian, ayo padha disrempeng olehe sinau !
4. Ayo, Tulus padha dikandhani !
5. Mara, pada ditandangi dhewe bae !
6. Ayo padha dijunjung !
7. Bok ayo padha ngaso ana kene dhisik !
8. Ayo pitik kuwi padha dicekel !
9. Coba, ayo padha nyekel pitik kuwi !
10. Becike pitik kuwi ayo padha dicekel !

## II. Maca titi

### A. Wacanen sing titi I

#### Sekar Macapat

Wiwit kina-makina tiyang Jawi seneng sekar. Miturut umur-umuranipun, sekar mekaten warni-warni. Ingang kina piyambak sekar kekawin, lajeng kidung, lan ingkang enem piyambak sekar macapat. Sabarakan kaliyan sekar macapat punika wonten malih sekar kalih warni, inggih punika sekar ageng lan sekar tengahan.

Wonten malih iketan kados dene sekar macapat, liripun sanes gancaran, inggih punika lelagon dolanan lan rumpakan ingkang kedayan mekaripun puisi moderen.

Sanajan rumpakan puisi gagrak anyar punika kraos kaiket ing wewaton, nanging boten kenceng sanget kados dene iketan-ing sekar macapat.

Menggah cacahipun sekar macapat punika sedaya wonten 11 iji. Inggih punika : Maskumambang, Pucung, Gambuh, Megatruh, Kinanthi, Mijil, Durma, Pangkur, Asmaradana, Sinom, lan Dhandhanggula.

Saben tembang gadhah watak utawi raos piyambak-piyambak. Liripun menawi badhe nglairaken raos sisah beda tembangipun kaliyan menawi badhe medharaken raos nepsu, sereng, lan sapanunggilanipun.

Sekar macapat ingkang cacahipun sewelas warni punika wonten ingkang luwes, kangge medharaken raos punapa kema-won sarwa mungguh. Inggih punika sekar Sinom, lan sekar Dhandhanggula.

Kajawi gadhah raos piyambak-piyambak, saben sekar macapat ugi gadhah paugeran piyambak-piyambak, inggih punika ingkang kawastanan :

- a. guru gatra, inggih punika cacahing gatra saben sapada;
- b. guru wilangan, inggih punika cacahing wanda saben sagatra;

c. guru lagu utawi dhong-dhing, inggih punika dhawahing swara ing pungkasaning gatra.

d. pedhotan, inggih punika pamedhoting wanda sasaged-saged, sampun ngantos ngewahi suraos.

Taksih wonten malih ubarampe sawatawis kangge damel moncering sekar macapat, kadosta: tembung kawi, sasmitaning sekar, purwakanthi, wangsalan, sengkalan, sandi asma. Punika sadaya boten kalebet baken, nanging mewahi bregas.

### B. Wangsulana kang patitis abasa krama !

1. Tembang iku manut umur-umurane ana pirang warna ?
2. Tembang macapat cacahé ana pira ?
3. Apa tembang-tembang macapat iku padha duwe watak dhewe-dhewa ?
4. Gawe tembang macapat iku luwih angel karo gawe rumpakan puisi gagrak anyar. Apa sababe ?
5. Yen arep gawe tembang macapat kang moncer, apa kang kudu digatekake ?

### III. Kawruh basa

#### A. Tuladha :

a. Wiwit *kina-makina* tiyang Jawi punika seneng sekar.

b. Wiwit *jaman kina* tiyang Jawi punika seneng sekar.

#### Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Miturut umur-umuranipun sekar mekaten wonten *warni-warni*.
2. *Sabarakan* kaliyan sekar macapat, wonten malih sekar kalih warni inggih punika sekar ageng lan kidung.
3. Wonten malih *iketan* kados dene sekar macapat, *liripun* sanes gancaran, inggih punika lelagon dolanan.
4. Sanajan *rumpakan* puisi gagrak anyar punika kaiket ing we-waton, nanging boten kenceng sanget kados iketaning sekar macapat.

5. Menawi badhe **medharaken** raos sisah, sekaripun beda kaliyan manawi badhe nglairaken raos sereng utawi nepsu.
6. Sekar Dhandhanggula lan sekar Sinom punika watakipun luwes.
7. Sekar macapat punika setunggal-setunggalipun sami.gadhah paugeran piyambak-piyambak.
8. Taksih wonten malih **ubarampe** sawatawis, ingkang boten kalebet baku, nanging mewahi **bregas**.

B. *Tuladha* :

Wiwit kina-makina tiyang Jawi punika seneng sekar .

*Ukara-ukara iki ganepana nganggo tembung-tembung kang cumanawis ing sisih tengen !*

- |   |                    |
|---|--------------------|
| 1. Sang Putri anggenipun nandhang gerah sampun . . . . ., ewadene saged dhang dening kasektenipun Sang Bagawan Parasara.          | a. taun-ngataun    |
| 2. . . . . gesangipun rakyat ing saumipun saya mindhak sekeca, awit saking pambudidayanipun parentah.                             | b. mataun-taun     |
| 3. Griya ingkang kula enggeni punika griya kina yasanipun suwargi embah buyut, salajengipun . . . . . ngantos dumugi kula punika. | c. mong-kinemong   |
| 4. Sesakit pes punika anggenipun . . . . sarana pinjaling tikus.  | d. tumurun-turun   |
| 5. Gesang ing salebeting bebrayan punika kedah saged . . . . . utawi . . . . .  | e. samad-sinamadan |
| 6. Ujaring ngakathah benggoling kecu punika gadhah aji-aji lembu sakilan, mila sanajan . . . . . boten tumama.                    | f. tular-tumular   |
| 7. Sulayaning rembag, sang sinatriya kekalih lajeng ngunus pusaka, perang tandhing, . . . . . sakalangkung rame.                  | g. sinunduk-suduk  |
|   | h. suduk-sinuduk   |

C. *Tuladha* :

Sami-sami sekar, sekar macapat punika anem piyambak.  
*Ukara-ukara iki rampungna kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Sami-sami kewan galak, .....
2. Sami-sami sesekaran, .....
3. Sami-sami tetumpakan, .....
4. Sami-sami tetinggalan, .....
5. Sami-sami dedongengan, .....
6. Sami-sami olahraga; .....
7. Sami-sami taneman pantun, .....
8. Sami-sami woh-wohan, .....
9. Sami-sami adhi kula, .....
10. Sami-sami sawung, .....

D. *Tuladha tembang macapat* :

**Megatruh**

Mbok perawan sanggawang duhkiteng kalbu,  
Jaka Lodhang nabda malih,  
nanging ana marmanipun,  
ing weca kang wus pinasthi,  
esthinen murih kelakon.

Sangkalane maksih nunggal jamanipun,  
neng sajroning madya akir,  
Wiku sapta ngesthi ratu,  
ngadil parimarmeng dasih,  
Ing kono karsaning Manon.

Tinemune wong ngantuk anemu kethuk,  
malenuk samargi-margi,  
marmane bungah kang nemu,  
marga jroning kethuk isi,  
kencana sesotya abyor.

*(Jaka Lodhang : R.Ng. Ranggawarsita).*



Kowe kabeh mesthine wis padha sumurup. Mangka, layang jangka Jaka Lodhang kuwi ditulis sadurunge taun 1900, amarga sugenge Sang Pujangga Ranggawaesita iku ing taun 1802 – 1874 (Masehi).

#### IV Kagunan basa

##### A. *Apalna ing ngarep klas !*

#### Parine wus kuning

Sumiliring angin gunung,  
Angelus wulening pari.  
Mentes isine tumiyung,  
Nggembyong lemu amranani.

Parine wus kuning,  
Tinempuh ing Sang Hyang Bayu,  
Lerab-lerab lir ombak kang bening,  
Sengsem netra kang andulu.

Keprungu panggusah seru,  
Anundhung emprit kang neba,  
Nucuki wulen kang lemu.  
Tan welas mring pra manungsa.

Wulen ndingkluk asemu rikuh,  
Dhela maneh manggon ing lumbung,  
Pinethik ing tangan kukuh,  
Cukat trampil prawan gunung.





## WULANGAN X

### I. Pacelathon

Tindakna !

#### Pujangga

- Siswanta : "Pakdhe, pujangga mekaten punapa sami kaliyan pujangga ing wucalan basa Indonesia punika ?"
- Pakdhe : "Kena diarani padha, ning ya beda."
- Siswanta : "Kados pundi Pakdhe, kok dereng ndungkap kula. Padha ning beda, punika kok angel."
- Pakdhe : "Coba daktakoni dhisik. Pujangga basa Indonesia kuwi kepriye terange ?"
- Siswanta : "Wah, Pakdhe ki kok ndadak ngetes. Menawi boten lepat pujangga punika para ahli basa, langkung-langkung sastra."
- Pakdhe : "O, apa sing kokarepake ki sastrawan ngono kae."
- Siswanta : "Kesinggihan mekaten, Pakdhe."
- Pakdhe : "Gene kok pinter, kok ndadak takon Pakdhe. Lha saiki nek pujangga basa Jawa piye ?"
- Siswanta : "Pakdhe, dos pundi ta punika, kula punika nyuwun priksa kok malah dipun dhawuhi nerangaken. Rak kwalik ngaten Pakdhe namanipun."
- Pakdhe : "Ya wis ta yen ngono. Dakarani kowe mau rak mung mbalung krambil, ethok-ethok ora ngerti. Wong nyatane mau bisa nerangke ngono kok."
- Siswanta : "Witing klapa, Pakdhe, kula matur lugu."
- Pakdhe : "Wah, Siswanto nyolong pethek. Wangsalan barang nricis ngono."
- Siswanta : "Gurunipun rak Pakdhe ta. Boten ngical-icalaken anggenipun mucal ngaten. Saestu, Pakdhe, kula nyuwun priksa bab pujangga menggah pangertosan Jawi punika kados pundi."

Pakdhe : : "Sik ta sik, Pakdhe karo ngeling-eling. Ning angonku nerangake liya dina bae ya?"

Siswanta : "Inggih Pakdhe."

Pakdhe : "Pujangga iku kudu duwe kaluwihan warna-warna, kayata : awibasa, awicarita, awisastra, parameng kawi, mardawa lagu, nawung kridha, lan sambegana."

Siswanta : "Wah, wah, wah. Tembung semanten kathahipun kok antik sedaya."

Pakdhe : "Kuwi jenenge dudu tembung antik. Jenenge tembung dakik. Liya dina dakterangake."

Siswanta : "Saderengipun matur nuwun, Pakdhe."

Pakdhe : "Ya, tiba padha-padha."

### B. Wacanen !

1. Dak nulis ah, timbang thenguk-thenguk !
2. E, dak tulise, kareben gelis rampung !
3. Layang kabar iki bok dak silihe !
4. Wis awan, aku dak mulih, ah !
5. Dak mbayar saiki bae ya ?
6. Dak ngaso sawetara, aja padha rame-rame !
7. Ah, wis meh ujian, dak srempenge olehku sinau !
8. Sesuk dak mampir, kowe rak ora lunga-lunga, ta ?

## II. Maca titi

### A. Wacanen sing titi !

#### Pujangga

Wong guna iku wong kang nggilut ing babagan kagunan. Dene kagunan mono wohing pakartine manungsa kang bisa ndudut rasa kaendahan. Tembunge liya kagunan iku kesenian. Dene wong guna iku uga diarani seniman. Yaiku wong kang bisa agawe pakarti kang endah lan agawe para kang ngrasakake

katuntun ing rasa endah.

Wong guna (seniman) ing babagan basa, utawa ing babagan sastra, diarani pujangga.

Dhek jaman kuna, pujangga mono golonganing pandhita kang dadi paran-paraning ratu, yaiku kang tansah dipundhuti wasan bab kang wigati, babagan kaprajan lan agama.

Dhek jaman jumenenge Ingkang Sinuwun Paku Buwana II, pujangga mono ewoning abdi dalem kraton. Ayahane mligi nganggit-anggit, marsudi kawruh lan gawe sara-silahing ratu. Pujangga dalem kang misuwur yaiku Raden Ngabehi Ranggawarsita.

Ing kalangan kejawen, pujangga iku kagungan kalimpatan 8 prakara. Yaiku :

1. Parameng sastra utawa awisastra, tegese : pinunjul ing babagan kasusastran.
2. Parameng kawi, tegese pinunjul ing kawi. Kawi tegese tembung kang kuna-kuna kang kamot ing buku-buku kuna.
3. Mardi basa utawa awibasa, tegese sregep nggegulang basa.
4. Mardawa lagu, tegese ahli tembang lan gendhing.
5. Nawung kridha, tegese alus pangrasane, bisa tanggap ing rasa lan krenteging liyan kang durung kawetu.
6. Sambegana, tegese duwe sipat lan tindak utama.
7. Awicarita, tegese pinter mangun carita kang becik.
8. Mandraguna, tegese wasis lan mumpuni.

Wondene para pujangga kang kagungan kalimpadan wolung prakara iku, yaiku : Sinuwun Paku Buwana III, Sinuwun Paku Buwana IV, R.Ng. Yasadipura I, R.Ng. Yosadipura II, R.Ng. Ranggawarsita, lan Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya-Mangku Nagara IV.

Ing jaman saiki waton wasis nganggit-anggit, lan anggitane diarepi ing bebrayan, wis diarani pujangga.

*B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang patitis abasa krama !*

1. Sapa sing diarani wong guna iku ?
2. Pujangga kuwi ing jaman kuna kepriye tegese ?
3. Ing jamane Ingkang Sinuwun Paku Buwana II, sapa kang diarani pujangga iku ?
4. Ing kalangan Jawa, pujangga iku kudu mumpuni kaluwihan pirang prakara ?  
Coba aranana !
5. Coba aranana asmane para pujangga kang padha kagungan kalimpadan kasebut ing angka 4 kuwi !

*III. Kawruh basa*

*A. Tuladha :*

- a. Wong guna iku wong kang **nggilut** babagan kagunan.
- b. Wong guna iku wong kang **marsudi** babagan kagunan.

*Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !*

1. Kagunan iku wohing pakartine manungsa kang bisa ndudut rasa kaendahan.
2. Dhek jaman kuna pujangga iku golonganing pandhita kang dadi **paran-paraning** ratu.
3. Pujangga mau caos wawasan ing bab-bab kang **wigati**, babagan kaprajan lan agama.
4. Dhek jaman jumenenge Ingkang Sinuwun Paku Buwana II, pujangga iku **ewoning** abdi dalem kraton.
5. Yaiku, abdi dalem kraton kang ayahane mligi **nganggit-anggit**, marsudi kawruh lan gawe sarasilahing ratu.
6. Pujangga kang **misuwur** yaiku Raden Ngabei Rangga-warsita.
7. Ing kalangan kejawen, pujangga iku kagungan kalimpadan wolung prakara.
8. Mardi basa, tegese sregep **nggegulang** basa.
9. Awicarita, tegese **mangun carita** kang becik.
10. Mandraguna, tegese wasis lan mumpuni.

B. Tuladha :

Wong guna iku wong kang nggilut babagan kagunan.

*Ukara-ukara iki ganepana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !*

- |   |                |
|---|----------------|
| 1. Yen dietung cara wong potang dhuwit, utange anak marang . . . . . iku akehe tanpa petungan.  | a. wong tani   |
| 2. Diran kae lucu ya, ingatase anake . . . . ., kok ora bisa nyekel doran.  | b. wong tuwa   |
| 3. Jaman saiki, jaman mardika, ora ana bedane priyayi karo . . . . .  | c. wong cilik  |
| 4. Jirun kae karo wong tuwaku kepre-nah putu ponakan, nanging rehning watake sumugih, tangkepe marang kula wargaku kaya . . . . .     | d. wong-wongan |
| 5. Pak tani nemu akal, gawe . . . . . diblonyo ing pulut, banjur ditancebake ing tengahing tegal timune, karepe kanggo medeni kancil. | e. wong liya   |
| 6. Aja seneng . . . . . liyan, tepakna piye rasaning atimu yen kowe sing ketaman.   | f. wong gedhe  |
| 7. Watak adigang, adigung lan . . . . . iku pepalang marang kaluhuran ing budi.   | g. adiguna     |
| 8. Raden Wisanggeni sekti . . . . ., ora tedhas tapak paluning pandhe sisaning gurenda.   | h. ngguna gawe |
| 9. Jaman saiki akeh ibu kang melu sengkut ngupa boga, ora mung nampani . . . . . sing kakung.   | i. kagunan     |
| 10. . . . . wayang iku anane ing kalangan kejawen wis pirang-pirang atus taun.  | j. mandra guna |
|   | k. guna kayane |
|   | l. piguna      |

C. Tuladha :

Nawung kridha, tegese alus pangrasane, bisa tanggap ing rasa lan krenteging liyan kang durung kawedhar.

*Ukara-ukara iki ganepana nganggo andhahane tembung rasa kang cumawis ing sisih tengen !*

- |  |                          |
|--|--------------------------|
| 1. Aja seneng . . . . . alaning liyan.   | a. ngrasakake            |
| 2. Lagi bae meneng anggonku padha . . . . . arep sowan embah, jebul embah malah wis rawuh.               | b. ngrasani              |
| 3. Sejatine, bisa . . . . . endahing kagunan iku sawijining nikmat paringing Pangeran Kang Maha Asih     | c. rerasan               |
| 4. Lha, saiki . . . . ., biyen daktuturi ora kopaelu !   | d. krasan                |
| 5. Lik, kowe rak . . . . . ta, ndherek pakdhemu ana Bandhung ?   | e. rasakna               |
| 6. Kowe ora . . . . . yen dakenteni - ta, Sri ?  | f. rasa-rasane           |
| 7. Aja kotagih, jupuken . . . . . bae, yen dheweke ngrumangsani duwe utang mesthine rak ya bakal nya-ur. | g. rasa-rumangsane       |
| 8. . . . . aku lulus kok, Mbak, wong aku ora dheg-dhegan ki !  | h. rumangsa              |
| 9. Saiki atiku wis lega, wis bisa ngesokake . . . . . atiku marang dhe-weke.                             | i. rasa-pangrasaning     |
| 10. Para warganing pakumpulan padha nganakake . . . . ., anggone arep padha jiarah menyang Demak.        | j. bawa rasa             |
|  | k. kegedhen ru - mangsa. |

*D. Tuladha :*

Pujangga ageng Ki Padmasusastra miyos kala ing **tengah-tengahing** abad ingkang kaping 19.

Ukara kuwi salah, benere :

Pujangga ageng Ki Padmasusastra miyos kala ing kiwa tengenipun taun 1850.

*Ukara-ukara ing ngisor iki endi sing bener ?*

1. a. Ing awaling wulan ngajeng kula badhe ndherek paklik dhateng Bali.  
b. Benjing wulan ngajeng tanggal enem kula badhe ndherek paklik dhateng Bali.
2. a. Ing akiring wulan Bakdamulud bapak badhe kagungan damel mantu.  
b. Benjing wulan Bakdamulud tanggal sepuh bapak badhe kagungan damel mantu.
3. a. Ing rambahan ingkang kaping kalih napasipun wiwit ngangsur-angsur.  
b. Sareng rambah kaping kalhipun napasipun wiwit ngangsur-angsur.
4. a. Pamedaling kebon boten nyekapi kangge betah padintenan.  
b. Pamedaling kebon boten nyampeti betah padintenan.
5. a. Ingkang ningali sabagean ageng para turis manca negari.  
b. Ingkang ningali ingkang kathah para turis manca negari.
6. a. Gandheng kaliyan deresing jawah lepen-lepen sami banjir.  
b. Saking deresing jawah lepen-lepen sami banjir.
7. a. Kula kepengin sanget sowan bulik, nanging boten gadhah wekdal.  
b. Kula kepengin sanget sowan bulik, nanging boten kober.
8. a. Amargi ketelasan ragad, anggenipun damel griya boten dipun lajengaken.  
b. Anggenipun damel griya boten dipun lajengaken, amargi ketelasan ragad.

9. a. **Jalaran** sampun boten wonten ingkang wani ngindhaki, lembunipun dipun culaken Rp 50.000,00.
- b. **Sarehne** sampun boten wonten ingkang wani ngindhaki, lembunipun dipun culaken Rp 50.000,00.
10. a. Sarasehan punika ngrembag bab **kapreluaning** pakempalan.
- b. Sarasehan punika ngrembag bab **betahipun** pakempalan.

#### IV. Kesusastran

Manut nom-tuwane kasusastran Jawa iku kaperang dadi telung perangan, yaiku :

Kasusastran Jawa Kuna, Kasusastran Jawa Tengahan lan Kasusastran Jawa Anyar.

##### A. Kasusastran Jawa Kuna ( . . . . – nganti taun 1400 )

Basane	:	Jawa Kuna
Pusere	:	Tanah Jawa Wetan
Moncer-moncere	:	Jaman Kedhiri
Tembange	:	Kekawin
Umpamane	:	

1. Buku Ramayana (kekawin, sing ngarang ora kasumurupan).
2. Buku Mahabharata (gancar, sing ngarang uga ora kasumurupan).
3. Arjuna Wiwaha (kekawin, sing ngarang Empu Kanwa).
4. Baratayuddha (kekawin, sing ngarang Empu Sedah lan Empu Panuluh).

##### B. Kasusastran Jawa Tengahan

Basane	:	Jawa Tengahan
Pusere	:	Jawa Wetan, Bali, lan Jawa Tengah
Tembange	:	Kidung

Upamane :

1. Negara Kertagama (kidung, sing yasa Empu Prapanca).
2. Tantu Panggelaran (gancar, sing yasa ora kasumurupan).
3. Pararaton (gancar, sing ngarang ora kasumurupan).

*C. Kasusastran Jawa Anyar (1750 – saiki)*

Basane : Jawa Anyar  
Pusere : Jawa Tengah  
Moncer-moncere : Jaman Surakarta  
Tembange : Gedhe, tengahan, lan macapat, sarta w  
wit thukul puisi-gagrak anyar.

Umpamane :

1. Serat Rama } sekar macapat, R. Ng. Yasadi-
2. Serat Bratayuda } pura I.
3. Serat Wicarakeras sekar macapat, R. Ng. Yasadipura II.
4. Serat Wulangreh sekar macapat, Paku Buwana IV.
5. Serat Wedhatama sekar macapat, K.G.P.A.A. M.N.IV.
6. Serat Witaradya sekar macapat R.Ng. Ranggawarsita.
7. Serat Harjunasrabau sekar macapat, Sindusastra.
8. Serat Jagal Bilawa sekar macapat, Kusumadilaga.
9. Pathi Centhini sekar macapat, Ki Mangunwijaya.
10. Serat Tatacara gancar, Ki Padmasusastra.
11. Serat Sakuntala gancar, R. Sasrasuganda.
12. Jaka Lodhang sekar macapat, R.T. Tandhanagara.
13. Serat Jarot gancar, Ki Yasawidagda.
14. Serat Riyanta gancar, R.B. Sulardi.
15. Ngulandara gancar, Margana Jayaatmaja.













